O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI’
XALI’Q BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik
pedagogikali’q instituti’

Baslawi’sh ta`lim metodikasi’ kafedrasi’

«Baslawi’sh ta`lim ha`m sport ta`rbiyali’q isi»
ta`lim bag`dari’

4-kurs talabasi’

Xojaniyazova Miyasar Quwani’shbaevnani’n`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMI’SI’

**Tema: «Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lardi’n` «Kamolat» sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’qlari’n jedellestiriw ma`seleleri»**

MAK da jaqlawg`a ruxsat berilsin:

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekani’: | doc. U. Seytjanova |
| Kafedra basli’g`i’: | prof. M.Ayi’mbetov |
| Ìlimiy basshi’: | G. Mi’rzabekova |

**No`kis-2014**

**Jaqlawg`a ruxsat yetildi:**

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekani': | doc. U. Seytjanova |
| Kafedra basli'g`i': | prof.M.Ayi'mbetov |
| Ilimiy basshi': | G.Mi'rzabekova |

# Tema: «Baslawi'sh bilimlendiriwde woqi'wshi'lardi'n` «Kamolat» sho`lkemine qi'zi'g`i'wshi'li'qlari'n jedellestiriw ma`seleleri»

Ma`mleketlik imtixan komissiyasi'ni'n` qarari':

PitkeriwshiXojaniyazova Miyasar Quwani'shbaevnani'n` pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na «___________» bahasi' qoyi'lsi'n

«_____________» 2014-ji'l.

MAK basli'g`i':

MAK ag`zalari':

**Tema: «Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lardi’n` «Kamolat» sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’qlari’n jedellestiriw ma`seleleri»**

**Jobasi’**

Jumi’sti’n` uli’wma si’patlamasi’

Kirisiw.

I Bap. «Baslawi’sh bilimlendiriwde «Kamolat» sho`lkeminin` pedagogikali’q a`hmiyeti.

1.1. «Kamolat» sho`lkemi haqqi’nda tu`sinik.

1.2. «Kamolat» sho`lkeminin` du`ziliwi–da`wir talabi’.

II Bap. «Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n «Kamolat» sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’w ma`seleleri.

2.1. «Kamolat» sho`lkeminin` ma`na`wiy wazi’ypasi’.

2.2. Sho`lkemnin ` woqi’wshi’lar qa`biletin qollap-quwatlawi’.

2.3. «Kamolat» sho`lkemii skerligi ha`m ta`rbiyali’q a`hmiyeti.

III.Bap. «Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` pedagogikali’q iskerligi.

3.1. Kamolat ji’ynali’slari’n wo`tkeriwdin` pedagogikali’q jol-jobasi’.

3.2. «Kamolat» sho`lkemine ag`zali’q ha`m woni’n` iskerligi.

Juwmaq.

Paydalani’lg`an a`debiyatlar.

## Jumi’sti’n` uli’wma si’patlamasi’

**Temani’n` aktualli’g`i’:** Ta`lim ha`m ta`rbiya isiwo`z-ara ti’g`i’z baylani’sli’ ali’p bari’lg`anda ha`m woni’n` u`zliksizligita`miyinlengende g`ana bul bag`darda unamli’ na`tiyjelerge yerisiw mu`mkin. Yelimiz g`a`rezsizlikke yerisiwi menen ta`lim ha`m ta`rbiya ma`selesima`mleket ha`m ja`miyet qadag`alawi’nda boli’p, tiykarg`i’ Ni’zami’mi’zda belgilep qoyi’ldi’. «Kadrlar tayarlawdi’n` milliy da`stu`ri» qabi’l yetilip, wonda ta`lim –ta`rbiya tarawi’nda reformalardi’ keleshegimizdin` tiykari’ bolg`an bilim bilim da`rgaylari’ndag`i’ ta`lim ha`m ta`rbiyag`a u`lken kewil bo`linip, bul bizin` keleshegimizdi belgileytug`i’ni’ ko`rsetedi.

Ja`miyetimizde G`a`rezsizlik ali’wi’mi’z benen bolg`an wo`zgerislerdin` biri – bul jaslar, jas a`wlad ta`lim ha`m ta`rbiyasi’na bolg`an u`lken itibar, di’qqatti’n` bir ko`rinisi bolg`an – «Kamolat» ja`miyetlik jaslar ha`reketi. Bizin` bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’z tikkeley usi’ ma`selege arnali’p, wonda «Kamolat» sho`lkeminin` ta`lim-ta`rbiyadag`i’ rolin, xi’zmetin ha`m a`hmiyetin ashi’p beriw boli’p yesaplanadi’.

**Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` temasi’:** «Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lardi’n` Kamolat sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’q-lari’n jedellestiriw ma`seleleri» dep ataladi’.

**Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’**:

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n ha`r ta`repleme jetik, ka`mil insanlar yetip ta`rbiyalaw – bul milliy ta`rbiyani’n` bir ko`rinisi. Wol aqi’l ta`rbiyasi’, Watandi’ su`yiwshilik ta`rbiyasi’, ekologiyali’q, ekonomikali’q, ma`na`wiy ha`m basqa da ta`rbiya tu`rleri menen ti’g`i’z baylani’sli’.

Jumi’sti’n` maqset ha`m wazi’ypalari’ boyi’nsha baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` «Kamolat» ja`miyetlik sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’w, ta`lim-ta`rbiya ma`selesinde jedelligin asi’ri’wdi’n` pedagogikali’q a`hmiyetin ani’qlaw boli’p tabi’ladi’.

Bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zda woni’n` maqset ha`m wazi’ypalari’nan kelip shi’g`i’p to`mendegi ma`selelerdi wo`z ishine aladi’:

- Baslawi’sh bilimlendiriwde «Kamolat» sho`lkeminin` pedagogikali’q a`hmiyetliligin ashi’p beriw;

- «Kamolat» sho`lkemi, woni’n` wazi’ypalari’ haqqi’nda tu`sinik beriw;

- Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` «Kamolat» sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’wdi’n` jol-jobasi’n ani’qlaw;

- Sho`lkemnin` woqi’wshi’lar qa`biletin qollap-quwatlawdag`i’ jumi’slari’n ani’qlaw;

- «Kamolat» sho`lkeminin` iskerligin ha`m ta`rbiyali’q a`hmiyetin ani’qlaw;

- Kamolat ji’ynali’slari’ni’n` wo`tkeriliwinin` pedagogikali’q jol-jobasi’n u`yreniw;

- Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` ta`lim-ta`rbiyasi’nda «Kamolat» sho`lkeminin` iskerligin ani’qlaw ha`m t. b. ma`selelerdi wo`z ishine aladi’.

**<u>Ìzertlew ob`ekti</u>:** Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zdi’n` izertlew ob’ekti- «Kamolat» baslang`i’sh ja`miyetlik sho`lkemi, al **<u>predmeti</u>**- baslawi’sh bilimlendiriwde «Kamolat» sho`lkemine woqi’wshi’lardi’n` qi’zi’g`i’w-shi’li’g`i’n artti’ri’w ma`selesi.

**<u>Ìzertlew metodlari’</u>:** Baqlaw, anketa, gu`rrin`lesiw, sa`wbetlesiw, balalar miyneti na`tiyjeleri menen tani’si’w.

**<u>Ta`rbiya usi’llari’:</u>** U`lgi si’pati’nda ko`rsetiw, marapatlaw, xoshametlew, jazalaw, aqi’l beriw.

**<u>Ìzertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyeti</u>:**

Ìzertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyetliligi boyi’nsha baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’lari’na, «Kamolat» sho`lkemi jetekshilerine, metodistlerge pedagogikali’q ha`m metodikali’q ja`rdem si’pati’nda u`lken a`hmiyetke iye.

**<u>Jumi’sti’n` du`zilisi</u>:** Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ wo`z du`zilisi boyi’nsha I, II, III baplardan, ha`r bir bap bo`limlerden ibarat. Sonday-aq juwmaqlaw, paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen turadi’. Jumi’sti’n` uli’wma ko`lemi -52 betten ibarat.

# KIRISIW

Ta`lim ha`m ta`rbiya ma`selesi insan wo`mirinde pu`tkil turmi'si' dawami'nda za`ru`rli bolg`an qubi'li's. Sebebi ta`lim ha`m ta`rbiya isiha`r qanday adamda shaxs si'pati'nda qa`liplestiredi, kamalatqa keltiredi.

Ta`rbiya bul adamni'n` ja`miyettegi, ja`ma`a`ttegi wortali'qtag`i' worni'n belgileydi.

Ta`lim ha`m ta`rbiya isi G`a`rezsiz O`zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'nda ja`miyetti social - ekonomikali'q, ruwxi'y ha`m ma`deniy rawajlandi'ri'wdi'n` yen` basli' tarawi' dep qaraladi'.

Ta`rbiya isi – yerten`gi isi ja`miyetimiz paydasi' tiyetug`i'n, turmi'sti'n` ha`r qi'yli' salasi'nda wo`z bilimi, adami'yli'q qa`siyeti, miyneti, wo`neri menen wo`zin ko`rsete alatug`i'n insanlardi' jetistiriw ma`selelerin wo`z ishine aladi'. Sonli'qtan da, bu`gingiku`nde respublikali'q Xali'q bilimlendiriwinin` basli' maqseti social - ekonomikali'q ha`m milliy tikleniw da`wirinde ta`lim - ta`rbiya jumi'slari'n zaman talaplari'na sa`ykes tu`rde ali'p bari'w boli'p yesaplanadi'.

Prezidentimiz I. A. Karimov ta`lim - ta`rbiya haqqi'nda to`mendegilerdi bayanlaydi':

«Ma`na`wiyatti' qa`liplestiriwde ta`sir yetetug`i'n a`hmiyetli turmi'sti'n` faktori' - bul ta`lim - ta`rbiya sistemasi' menen ti'g`i'z baylani'sli'.

Ta`lim - ta`rbiya sanani'n` jemisi, soni'n` menen qatar sanani'n` da`rejesiha`m woni'n` rawajlani'wi'n da belgileytug`i'n, yag`ni'y hali'q ma`na`wiyati'n qa`liples-tiretug`i'n ha`m bayi'tatug`i'n yen` a`hmiyetli faktor boli'p tabi'ladi'.

Solay yeken, ta`lim - ta`rbiya sistemasi'n ha`m usi' tiykarda sanani' wo`zgertpesten turi'p, ma`na`wiyatti' rawajlandi'ri'p bolmaydi'.

Keleshegimizdin` ti'rnag`i' bilim da`rgayi'na qarati'ladi', basqasha aytqanda, xalqi'mi'zdi'n` yerten`gi ku`ni qanday boli'wi' perzentlerimizdin` bu`gin qanday ta`lim ha`m ta`rbiya ali'wi'na baylani'sli' isenimliligin

umi’tpawi’miz kerek dep atap ko`rsetkenindey ta`lim-ta`rbiya isinin` sapali’ boli’wi’nda «Kamolat» ja`miyetlik jaslar ha`reketinin` worni’ da salmaqli’.

Sonday-aq «Bilimlendiriw haqqi’ndag`i’» Ni’zam ha`m «Kadrlar tayarlawdi’n` milliy da`stu`ri»nde woqi’wshi’ jaslardi’n` ta`rbiyasi’ ma`selesine ayri’qsha itibar qarati’li’p, rawajlang`an demokratiyaliq ma`mleketler da`rejesinde joqari’ ruwxi’y ha`m a`dep-ikramli’li’q talaplarg`a juwap beretug`i’n shaxsti’ jetilistirip shi’g`ari’w basli’ maqset yetip qoyi’lg`an.

Demek, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na sapali’ ta`lim ha`m ta`rbiya beriw isine, ja`miyetlik sho`lkemler, ma`ha`lle, wortali’q, shan`araq mekteptin` birgelikte jumi’s ali’p bari’wi’ belgili ha`m unamli’ na`tiyjeler ku`tiwi tiykar boladi’.

Biz pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zda baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ ta`rbiyasi’nda «Kamolat» sho`lkemi ha`m woni’n` ta`lim - ta`rbiyada worni’, pedagogikali’q a`hmiyetlilik ta`replerine di’qqat yetiwdi basli’ maqset si’pati’nda qoyg`anbi’z.[1]

[1] Karimov I.A. Joqari’ ma’na’wiyat-jen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Ma’naviyat», 2008. 61-bet.

## I Bap. «Baslawi'sh bilimlendiriwde «Kamolat» sho`lkeminin` pedagogikali'q a`hmiyeti

«Kamolat» sho`lkemin – a`lbette ka`mil insandi' ta`rbiyalawdag`i' yen` tiykarg`i' ta`rbiya dereklerinen biri si'pati'nda qarawg`a toli'q haqi'mi'z bar. «Kamolat» so`zi tiykari'nan ma`nisi jag`i'nan ali'p qarag`ani'mi'zda, arab tillik so`z bul jetiklik ma`nisin berip «at» ko`plik formasi'n an`latadi'. Yag`ni'y jetiklik haqqi'nda ug`i'm ha`m tu`sinikler.

«Kamolat» sho`lkemi yelimizde g`a`rezsizlikke yeriskennen keyingi won ji'ldan son` wo`z aldi'na sho`lkem si'pati'nda du`zildi.

2001-ji'li' yelimizde jaslardi' birlestiretug`i'n wolar menen tikkeley jumi's ali'p baratug`i'n «Kamolat jaslar ja`miyetlik ha`reketi» menen birge «Kamalak» balalar sho`lkemleri du`zildi.

Bul sho`lkemnin` tiykarg`i' maqseti wo`sip kiyati'rg`an jas a`wladti' birlestiriw, ja`mlestiriw, wolardi'n` salamat turmi's tiykari'nda ta`rbiyalaw, ja`miyetimizde wo`zine mu`na`sip i'layi'qli' worni'n iyelewine ko`meklesiwden ibarat.

Uli'wma sho`lkemnin` mazmun ha`m wazi'ypalari' haqqi'nda to`mendegi ilimiy maqalada bi'layi'nsha pikirler bildirilgen[2]: «Kamolat» ha`reketi aldi'na qoyg`an maqset wazi'ypalardi' – is ju`zinde a`melge asi'ri'w jaslar mashqalalari'n sheshiw, ha`r bir jasti' g`a`rezsiz yelimizdin` ushi'n azamatlari' yetip ta`rbiyalaw boyi'nsha iri ko`lemli jumi'slardi' a`melge asi'ri'wdi' belgilep aladi'.

[2]Alawatdinov S. Kamolat sho`lkeminin` jaslar ta`rbiyasi'ndag`i' a`hmiyeti// Mug`allim ha`m u`zliksiz bilimlendiriw. No`kis, 2007, 25-27-betler.

## 1.1. «Kamolot» sho`lkemi haqqi'nda tu`sinik

«Kamolat» sho`lkemi – bul wo`z wazi'ypalari' boyi'nsha ta`lim - ta`rbiya yele de jaqsi'law ushi'n ha`reket yetetug`i'n sho`lkem. «Kamolot» jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` barli'q aymaqlarda ma`keme, ka`rxana, joqari' ha`m worta arnawli' wori'nlari', a`skeriy bo`limlerde ha`m mekteplerde baslang`i'sh sho`lkemleri du`zilip, woni'n` qatari'nda mi'n`lap jaslari'mi'z belsene ha`reket yetip kelmekte.

«Kamolot» jaslar ja`miyetlik ha`reketi- O`zbekistan jaslari'ni'n` wo`z i'qti'yari' menen sho`lkemlestirilgen wo`zin - wo`zibasqaratug`i'n ma`mleketlik yemes, kommerciyali'q sho`lkem. Basqa qon`si'las ma`mleketlerdin` siyasi'y - puxarali'q rawajlani'wi'na itibar bergenimizde hesh bir yelde usi' si'yaqli' jaslardi' wo`zinde biriktirip ha`reket yetetug`i'n sho`lkemnin` joq yekenligine gu`wa bolg`anbi'z.

Ni'zam talaplari' tiykari'nda ha`rekettin`, woni'n` ha`r qanday bo`limlerindegi keleshektegi jumi's babi'ndag`i' qararlar tikkeley ha`reket ag`zalari'ni'n` uli'wma ji'ynali'si'nda yamasa wolar ta`repinen saylang`an wa`kili organlar ji'ynali'slari' ta`repinen ko`pshiliktin` dawi's beriw joli' menen qabi'l yetiledi. Bul ha`rekttin` negizi – jaslardi'n` woqi'w, jumi's, xi'zmet wori'nlari'nda wolardi'n` usi'ni's, talaplari' tiykari'nda du`zilgen baslang`i'sh sho`lkem yesaplanadi'.

Ha`rekettin` ag`zalari' wo`zlerinin` baslang`i'sh sho`lkemlerinin` jumi'slari'na tikkeley qatnasi'p, woni'n` uli'wma ji'ynali'si'nda dawi's beriw arqali' qatnasadi'.

Baslang`i'sh sho`lkemlerge ag`zalari' ta`repinen saylap qoyi'lg`an jetekshibasshi'li'q yetedi. Usi' «Kamolat» sho`lkeminin` qurami'nda kishi jastag`i' mektep woqi'wshi'lari'n wo`zine biriktiretug`i'n «Kamalak» balalar sho`lkemi de jumi's isleydi.

«Kamalak» so`zide arabsha so`z boli'p, bul ashi'q aspanda jawi'nnan son`g`i' ren`ler jilwasi'. Buni'n` ma`nisi baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n`

baxi’tli’ balali’g`i’ni’n` ha`r tu`rli quwani’shlarg`a, belgili waqi’yalarg`a toli’ boli’w maqsetinde sho`lkem ati’ tan`lap ali’ng`an.

Al, «Kamolat» sho`lkeminin` negizi jaslardi’n` woqi’w, jumi’s, xi’zmet wori’nlari’nda, wolardi’n` usi’ni’s, talaplari’ tiykari’nda baslang`i’sh sho`lkemi boli’p yesaplanadi’.

Ha`rekettin` ag`zalari’ wo`zlerinin` baslang`i’sh sho`lkemlerinin` jumi’slari’na tikkeley qatnasi’p, woni’n` uli’wma ji’ynali’si’nda dawi’s beriw arqali’ qatnasadi’.

Baslang`i’sh sho`lkemlerge ag`zalari’ ta`repinen saylap qoyi’lg`an jetekshi basshi’li’q yetedi.

Wo`sip kiyati’rg`an jas a`wlad penen islesiwde, wolarg`a unamli’ ta`sir yetiw arqali’, wolardi’n` baslang`i’sh sho`lkem jumi’slari’nda belsendilik penen qatnasi’wi’n ta`miyinlew, jaslardi’n` mashqalalari’n sheshiwde ken` ja`miyetshiligimizdi tarti’w, jaslar ta`repinen usi’ni’s yetilgen baslamalardi’ qollap-quwatlaw, qi’yi’nshi’li’q jag`daylarg`a ko`pshilik penen birgelikte duri’s sheshim qabi’l qi’li’w si’yaqli’ ma`selelerdi tuwri’ sheshiw ushi’n bizge za`ru`r bilim, ta`jiriybe talap yetiledi.

«Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` baslang`i’sh sho`lkemlerindegi jetekshilerinin` belsendiligin asi’ri’w ma`selelerine toqtap wo`tsek, insanlardi’n` belgilibir toparg`a jetekshilik qi’li’wi’, ja`miyetimizdin` barli’q tarawlari’nda ushi’rasadi’. Buni’ siyasiy tarawda, sportta, wo`ndiriste, bilimlendiriwde, sanaatta ha`m basqa da tarawlarda tikkeley ushi’rati’wi’mi’z mu`mkin.

Jetekshiler wo`zlerinin` joqari’ da`rejeli jetekshiligi menen a`lbette, aji’rali’p turadi’.

Prezidentimiz I.A.Karimov wo`zinin` «Kamolat» jaslari’mi’zdi’n` haqi’yqi’y su`yenishi ha`m tayani’shi’ bolsi’n» atamasi’ndag`i’ kitapshasi’nda bul boyi’nsha to`mendegi pikirlerdi bildirgen yedi: «Men jetelew degen so`zdi ayri’qsha ta`kirarlap aytpaqshi’man. Yeger, biz bul ma`llede itibarsi’zli’qqa, nemquraydi’li’qqa jol qoysaq, balalari’mi’zdi’ basqalar

jeteleydi, sebebi wo`mirge yendi - yendi qa`dem basi'p ati'rg`an taza insan, jas ha`mme waqi't ruwhi'y jetekshige, mug`allim ustazg`a qushtar boladi'»[3]

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n sabaq payi'ti'nda yamasa, ja`miyetlik jumi'slarda wolardi'n` qa`biletin, umti'li'slari'n si'rttan baqlag`ani'mi'zda geypara waqi'tlari' baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' ha`tteki kishi mektep jasi' payi'ti'nan –aq ta`biyati'nan tuwma jetekshiler payda boladi'.

Bul a`lbette, wolardi'n` balali'q ha`m jasli'q da`wirindegi jigerliligi, wo`zine ta`n ni'zamli'li'qlari' boli'p, wolar basqa do`geregindegi balalardan wo`zinin` ku`shliligi, sho`lkemlestiriwshilik uqi'bi' ha`m qa`biletimenen pu`tkilley aji'rali'p turadi'.

Soni'n` menen birge, biz «Kamalak» yamasa «Kamolat» sho`lkemi jetekshisi qanday talaplarg`a juwap beriwi kerek?» degen sorawg`a juwap tabi'w dawami'nda biz «belsendilik» ha`m «sho`lkemlestiriwshilik» degen tu`siniklerge de toqtap wo`tiwdi maqul tapti'q.

«Belsendilik» degende biz woqi'wshi'lardi'n` wo`z jumi'slari'na juwapkershilikli ta`rizde kirisetug`i'n, qoyi'lg`an wo`z waqti'nda toli'g`i' menen wori'nlawg`a ha`reket yetetug`i'n g`ayratli', jaslari'mi'zdi' ko`z aldi'mi'zg`a keltiremiz.

Al «Sho`lkemlestiriwshilik» degende biz aldi'nnan oni'n` maqsetlerdi qoya alatug`i'n, wo`z a`tirapi'ndag`i' ja`miyet ag`zalari'ni'n` tilek - usi'ni'slari'n sezip, wolardi' uli'wma bir ma`p ushi'n birlestire alatug`i'n, g`a`rezsiz pikirleytug`i'n ha`m ideyalarg`a bay jaslardi' tu`sinemiz.

Mine usi' bag`darg`a itibar qaratqani'mi'zda, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari', mektep woqi'wshi'lari' menen birge islesiwde ja`miyetimizdin` tiykarg`i' buwi'nlari' ti'g`i'z baylani'sta jumi's ali'p baratug`i'n «Kamolot» jaslar ja`mietlik ha`reketi xali'q-arali'q ha`m jergilikli ja`miyetlik sho`lkemler,

---

[3] Karimov I.A. «Kamolat» jaslari'mi'zdi'n` haqi'yqi'y su`yenishi ha`m tayani'shi' bolsi'n. Tashkent. «Ma'naviyat», 2002, 18-bet.

jergilikli ja`miyet uyi'mlari', puxaralardi'n` wo`zin - wo`zi basqaratug`i'n uyi'mlari' menen birgelikte jumi's ali'p barmaqta.

Bul sho`lkemnin` itibarli' jumi'slari'nan atap wo`tetug`i'n bolsaq, jalg`i'z basli' qari'yalarg`a, ja`rdemge mu`ta`j adamlarg`a qa`wenderlik yetiwi, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n baslamashi'li'qqa ta`rbiyalaytug`i'n, jas awladti' watan su`yiwshilik insani'yli'q ruwxi'nda ta`rbiyalaw bari'si'ndag`i' ku`ndelikli jumi'slari', ken` ja`miyetshiligimizdin` di'qqat itibari'na miyasar bolmaqta.

«Kamolot» ha`reketinin` tiykarg`i' wazi'ypalari'nan biri- bul wo`sip kiyati'rg`an jas a`wladti'n` huqi'q ha`m yerkinliklerin qorg`aw boli'p yesaplanadi'.

## 1.2. «Kamolat» sho`lkeminin` du`ziliwi – da`wir talabi'

«Kamolat» ha`m «Kamalak» sho`lkemleri bul shi'n ma`nisinde jaslardi' wo`zinde biriktire alatug`i'n sho`lkem.

Ma`mleketlik siyasat da`rejesindegi ta`lim ha`m ta`rbiya isinde «Ma`na`wiy bosli'qti'» tolti'ri'w maqsetinde de bul sho`lkemlerdi du`ziwge ma`mleketimizdin`, ja`miyetimizdin` za`ru`rligiwog`ada ko`p. Bul sho`lkemlerdin` du`ziliwi haqi'yqat turmi'si'mi'zdi'n`, da`wirdin` talabi'.

Yeger Qaraqalpaqstan mi'sali'nda ali'p qarasaq izertlewlerdin` ko`rsetiwinshe, «Kamolot» ha`reketinin` Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg`i' ken`esi ta`repinen yag`ni'y «Jaslar ha`m ba`ntlik», «Jaslar ha`m isbilermenlik», «Jaslar ha`m ekologiya», «Jaslar arasi'nda ruwxi'y ag`arti'wshi'li'q jumi'slari'n ali'p bari'w bag`darlamalari' qabi'l yetildi».[4]

Al bul bag`darlama Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg`i' ken`esi ta`repinen tasti'yi'qlandi'. Usi' bag`darlamalar tariyxi' boyi'nsha respublikami'zda jumi'ssi'z ju`rgen jaslardi' jumi's penen ta`miynlew bir qatar isler a`melge asi'ri'ldi'.

---

[4] Alawatdinov S. Kamolat sho`lkeminin` jaslar ta`rbiyasi'ndag`i' a`hmiyeti// Mug`allim ha`m u`zliksiz bilimlendiriw. No`kis, 2007, 25-bet.

Wo`sip kiyati'rg`an jas a`wladti'n` huqi'qi'y bilimlerin jetilistiriw, ni'zamlarg`a hu`rmet ruwxi'nda ta`rbiyalaw wo`z huqi'qlari'n biliw ha`m huqi'qi'y sanasi'ni'n` wo`siwine ta`sir yetiw maqsetinde Xali'q Bilimlendiriw Ministirligi, Joqari' ha`m worta arnawli' ka`siplik bilimlendiriw basqarmasi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministirler ken`esi jani'ndag`i' «Jas wo`spirimler menen islesiw komissiyasi' Respublikali'q huqi'q qorg`aw uyi'mlari'», Karaqalpaqstan teleradiokompaniyasi' menen birgelikte jaslar arasi'nda «Siz ni'zamdi' bilesizbe?», « Wo`z huqi'qi'n`i'zdi' bilesizbe?», «Jaslar ha`m ni'zam» ha`m basqa da atamada huqi'qi'y tu`sinik jumi'slari' ha`m tan`lawlar sho`lkemlestirilip bari'lmaqta. A`lbette bul si'yaqli' unamli' jumi'slar wo`sip kiyati'rg`an jas a`wlad ta`rbiyasi'na teren` ta`sir jasaydi'.

Mektep jasi'ndag`i' woqi'wshi'lardi'n` bos waqi'tlari'n mazmunli' wo`tkeriw, wolardi' salamat turmi's qa`lpi talaplari' tiykari'nda ta`rbiyalaw, ha`r qi'yli' unamsi'z illetlerdin` kirip ketiwinin` aldi'n ali'w maqsetinde ha`rekettin` tiykarg`i' bag`darlari'n toli'q a`melge asi'ri'w ushi'n ha`rekettin` baslang`i'sh sho`lkemleri ha`m rayonli'q, qalali'q bo`limleri jani'nan bu`ginge kelip, «Miyrim - sha`pa`a`t», «SHaxmat-shashka», «Voleybol», «Basketbol», klub ha`m sport sekciyalari' du`zilip wog`an qi'zi'g`i'wshi'lig`i' bar jaslardi'n` qatnasi'wi'na toli'q imkaniyatlar jarati'lg`an. Bul sho`lkemnin` bu`gingi ku`nde ali'p bari'p ati'rg`an jumi'slari'na itibar qaratsan`, bir qatar jumi'slar a`melge asi'ri'lmaqta.

Respublikami'z ta`repinen sporttag`i' a`sirese, balalar sporti'n rawajlandi'ri'wg`a u`lken itibar qarati'lmaqta. Bul bag`darda jumi'slardi' janlandi'ri'w maqsetinde «Kamolat» sho`lkemi «Salamat a`wlad ushi'n» xori', «Ma`ha`lle» qori' ha`m basqa da sho`lkemler menen birge jumi's ali'p bari'li'p ati'r. Ma`ha`lle jaslari' arasi'nda, mektep woqi'wshi'lari' arasi'nda, joqari' ha`m worta woqi'w wori'nlari'nda ha`r tu`rli sport tu`rleriboyi'nsha jari'slar wo`tkerilip, tiyisli sho`lkemler ha`m ma`kemeler menen birgelikte ko`mek joli' menen sport maydanshalari' qaytadan tiklendi ha`m won`landi'.

Wori’nlarg`a ma`kan puxaralar ji’yi’nlari’nda jaslar arasi’nda sportti’n` shaxmat-shashka, futbol tu`rlerin rawajlandi’ri’w, wolardi’n` jazg`i’ dem ali’slari’ni’n` kewilli wo`tkeriliwin sho`lkemlestiriw maqsetinde sport jari’slari’ wo`tkerilmekte.

Ha`r ji’li’ mektep woqi’wshi’lari’ arasi’nda futbol, voleybol, basketbol, stol tennisi, shaxmat - shashka sport tu`rleri boyi’nsha «Kamalak» sho`lkemleri ha`reketleri mashqalalari’n unamli’ sheshiwde wolardi’n` ruwhi’y sanasi’n jetilistiriwde, jamyietlik sho`lkemler menen bir qatarda jergilikli ha`kimiyat, xali’q deputatlar qala ha`m rayonli’q ken`eslerimenen birgelikte jumi’s ali’p bari’p ati’rg`anli’g`i’n da ayri’qsha atap wo`tiwge boladi’.

Woqi’wshi’ jaslar arasi’nda bir qatar ushi’rasi’wlar sho`lkemlestirilip, wolardi’n` mashqalalari’n sheshiwde a`meliy ja`rdemler berilmekte.

Bu`gingija`miyet ha`r ta`repleme bilimli, wozi’q woyli’ wo`z ka`sibinin` mamani’ bolg`an jaslardi’ talap yetedi. Soni’n` ushi’n jaslar arasi’nda ha`m wolardi’n` intellektual bilimlerin wo`siriw ushi’n woyi’nlar, viktorinalar sho`lkemlestiriw «Kamolat» ha`reketinin` basli’ jumi’slari’ni’n` biri boli’p yesaplanadi’.Sonday-aq «Kamolat» ha`reketi qa`wenderligindegi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ «Kamalak» balalar sho`lkemi baslamasi’ menen «Woylan, izlen, tap» teleoyi’ni’ sho`lkemlestirilip, bul da bir ayda bir ma`rte wo`tkeriledi.

Ha`rekettin` qala ha`m rayonli’q kenesler ita`repinen wori’nlardag`i’ jaslar arasi’nda «Basqi’shpa basqi’sh», «zakawat» si’yaqli’ woyi’nlar sho`lkemlestirilmekte. Jas wo`spirimler menen islesiw maqsetinde, a`sirese, sho`lkemler menen birgelikte is jobalar islep shi’g`i’li’p, bir qatar jumi’slar islenbekte.

«Kamolat» ha`m «Kamalak» sho`lkemlerinin` basli’ aldi’na qoyg`an maqsetlerinen biri – bul woqi’wshi’ni’n` bos waqti’n biykarg`a, bosqa wo`tkermewi, sonli’qtan da bul sho`lkemler menen mektep ko`leminde bir neshe bag`darda ali’p bari’li’p ati’rg`an unamli’ wazi’ypalardi’ da atap wo`tiwge boladi’.

1. Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ arasi’nda ku`n ji’lli’ payi’tlari’ asfal`tqa ti’ni’shli’q, Watan temalari’nda su`wretler sali’p jari’si’w;

2. Ha`r qi’yli’ sport woyi’nlari’;

3. Jas kitapqumarlar» jari’slari’;

4. Baslawi’sh klasslarda «Yen` azada klass» ha`m usi’ bagdarda islenip ati’rg`an jumi’slar woqi’wshi’lardi’ bilim ali’wg`a qi’zi’qti’ri’w menen birge «Kamolat» ha`reketinin` islerine de u`lken qi’zi’g`i’wshi’li’q, ha`westi payda yetedi. Usi’ si’yaqli’ ilajlardi’ wo`tkeriwde sa`ykeslenip duri’s du`ziliwiha`m ali’p bari’li’wi’ kerek dep yesaplaymi’z.

## II Bap. «Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n «Kamolat» sho`lkemine qi'zi'g`i'wshi'li'g`i'n artti'ri'w ma`seleleri

Bu`gingi ku`nde bilimlendiriwde woni'n` aldi'na qoyi'lg`an yen` basli' maqset bul ta`lim ha`m ta`rbiyani'n` sapali' boli'wi'na yerisiw, ka`mil insanli' ta`rbiyalaw ma`selesi. Bul haqqi'nda ilimiy a`debiyatlarda:

«Ta`rbiya procesinin` na`tiyjesika`mil shaxsti' qa`liplestiriw. Bul process yeki ta`repleme boli'p, sho`lkemlestiriw ha`m basshi'li'qti', sonday-aq woqi'wshi' shaxsi'ni'n` wo`zita`repinen belsendilik ko`rsetiwdi de talap yetedi. Bul processte pedagog jetekshi wazi'ypani' atqaradi'»[5]

A`lbette baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' «Kamolat» sho`lkemi jumi'slari' menen qi'zi'g`i'wi'nda ha`m «Kamalak» sho`lkemi qatnasi'wshi'si' boli'wi'nda wolardan u`lken belsendilikti talap yetedi. Turmi'sti'n` wo`zita`rbiya sistemasi' ha`m procesinde tosattan bolatug`i'n na`rselerdin` joq yekenligi, sebebi woni'n` barli'q buwi'nlari' ta`lim ha`m ta`rbiya isimenen baylani'sli' yekenligin ko`rsetedi.

Ma`mleketimizde yer jetpegen balalardi'n` ta`rbiyasi'na da yen` aktual` ma`sele si'pati'nda itibar berilip ati'rg`anli'g`i' da biykarg`a yemes.

A`sirese, ma`mleketimizde yer jetpegen, kishi mektep jasi'ndag`i' balalar ta`rbiyasi' ushi'n juwapker bir qatar sho`lkemlerdi atap wo`tiwge boladi'. Bul haqqi'nda pedagog ali'mlar to`mendegi pikirlerdi atap ko`rsetedi?

«Ma`mleketimizde yer jetpegen balalar ta`rbiyasi' boyi'nsha Xali'q bilimlendiriw ma`kemeleri, hayal - qi'zlar sho`lkemleri, prokuratura, ishki isler uyi'mlari', sonday-aq bir qatar fondlar, Kamolat jaslar ja`miyetlik ha`reketi si'yaqli' sho`lkemlerdin` juwapkershiligine u`lken ha`m za`ru`r wazi'ypalar ju`klegen, wolar wo`zin aqlap ati'r ma degen soraw tuwi'li'wi' ta`biyiy»[6]

---

[5] Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (O'quv qo'llanma) Toshkent, Fan, 2006, 54-bet

[6] Xudayqulov J, Qunduzova N.R. Tarbiyaviy ishlar metodikasi (o'quv –uslubiy qo'llanma) Toshkent, 2007

A`sirese, usi’ si’yaqli’ ma`kemeler jumi’slari’ menen bir qatarda Kamolat sho`lkemi ta`repinen belgili xali’q arali’q sho`lkemler, kem ta`miyinlengen shan`araqlar, bag`i’wshi’si’n jog`altqan nagiran balalar ushi’n ha`r tu`rli kewilli ilajlar sho`lkemlestirilip ati’rg`anli’g`i’n atap wo`tiwge boladi’.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` ha`r tu`rli sport sekciyalari’, basqa da do`gereklerge ag`za yetilip ati’rg`anli’g`i’, ha`r tu`rli ko`rik-tanlawlar, sayaxatlar, koncertler sho`lkemlestirilip ati’rg`anli’g`i’, ma`na`wiy, ru`wxi’y ja`rdemler berilip ati’rg`anli’g`i’ bizge ma`lim.

Bu`gingi ku`nde g`alaba xabar qurallari’ ta`repinen, televidenie, radio yesittiriwleri arqali’ ha`r tu`rli temalardi’n` sho`lkemlestiriliwi, Kamolat sho`lkeminin` jumi’slari’ni’n` jedellesip, janlani’p ati’rg`anli’g`i’ menen baylani’sli’.

## 2.1. «Kamolat» sho`lkeminin` ma`na`wiy wazi’ypasi’

Wo`zin –wo`zibasqaratug`i’n ma`mleketlik yemes sho`lkem bul O`zbekistan Respublikasi’ «Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketi bu`gingi nawqi’ran jaslari’mi’z yelimizde demokratiyali’q ma`mleket, puqarali’q ja`miyet. Bul sho`lkemnin yen` tiykarg`i’ maqsetlerinen –bul ma`na`wiy ta`rbiya boli’p, a`sirese, ma`mleketimizde wo`sip kiyati’rg`an jas a`wladti’ azat ha`m abad Watan jarati’w, si’yaqli’ ulli’ maqset joli’nda birlestiriw, wolardi’n` huqi’q ha`m ma`plerin qorg`aw, g`a`rezsiz O`zbekistanni’n` fizikali’q salamat, ma`na`wiy jaqtan jetik, du`n`ya qarasi’ teren`, yerkin, wo`z betinshe pikirleytug`i’n milliy ha`m uli’wma insani’y qa`diriyatlarg`a tiykarlang`an demokratiyali’q principler, bazar ekonomikasi’ tiykarlari’n teren` iyelegen puxaralardi’ kamalg`a keltiriwde ha`r ta`repleme ko`meklesiw, wo`sip kiyati’rg`an a`wladti’n` insan huqi’qlari’ ha`m qa`dir-qi’mbati’n ko`teriwge, xalqi’mi’zdi’n` abi’royi’n, worni’n asi’ri’wg`a xi’zmet qi’latug`i’n, yelimizdegi ma`na`wiy islerge aktiv

qatnasi'wi'n ta`miyinlewden, ha`rekettin` shi'n ma`nisindegi jaslari'ni'n` su`yenishi ha`m tayani'shi'na aylandi'ri'w ibarat.

«Kamolat» sho`lkemi wazi'ypalari'ni'n` ma`nis –mazmuni'na itibar qaratsaq, to`mendegi mazmundi' an`laymi'z:

- Baslawi'sh klass payi'ti'nan baslap –aq woqi'wshi'lardi'n` huqi'qi'y bilimlerin asi'ri'w arqali' O`zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'na, Ni'zamlari'na hu`rmet ko`z - qarasi'n ta`rbiyalaw, wolar wo`zlerinin` puqarali'q huqi'q ha`m minnetlemelerin an`lag`an halda jasawi', ja`miyet turmi'si'nda sanali' puqara, yerkin shaxs si'pati'nda ka`malg`a keliwin qa`liplestiriw;

- O`zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi' ha`m Ni'zamlari'ni'n tiykarg`i' principlerin ken` yengiziw maqsetinde balalar ha`m wo`spirimlerdin` jasi'na sa`ykes tu`rde ko`rgizbeli video, audio, baspadan kitaplar, ma`na`wiy ilajlar sho`lkemlestiriw;

- Balalardi'n` turmi'si' wolardi'n` talaplari' mashqalalari'n u`yreniw, wolardi' sheshiw boyi'nsha basqa da sho`lkemler menen, ma`ha`lle, shan`araq ha`m mektep penen ti'g`i'z baylani'sli'li'q ta jumi's ali'p bari'w kerek.

Wo`sip kiyati'rgan jas a`wlad sanasi'nda «Biz hesh kimnen kem bolmag`anbi'z, hesh kimnen kem bolmaymi'z!» degen joqari', ulli' sezimdi, wo`zbek xalqi'ni'n` perzenti yekenliginen maktani'sh sezimin wo`siriw, g`ayratli', jigerli, milliy maqtani'sh tuyg`i'lari'n wolardi'n` sanasi'nda qa`liplestiriw – bul «Kamolat» sho`lkeminin` yen` basli' wazi'ypalari'nan sanaladi'. Sonday-aq jas a`wladti' O`zbekistan Konstituciyasi'na, ma`mleketlik ni'shanlarg`a teren` hu`rmet ruwhi'nda ta`rbiyalawdi'n` ta`sirlisistemasi'n jarati'w.

Wolardi'n` sanasi'nda milliy ma`na`wiyati'mi'zg`a jat bolg`an illetlerge qarsi' (ni'zam buzi'wshi'li'q, giyabentlik, intizamsi'zli'q, urli'q ha`m t.b.) keskin mu`na`sibetin qa`liplestiriw, balalar arasi'ndag`i' ji'nayi'y islerge uli'wma jol qoymaw, watani'mi'zdi'n` biyta`kirar ta`biyati'n saqlaw,

woni’ qorg`awg`a bag`darlang`an ekologiyali’q ta`rbiyani’n` na`tiyjeli usi’llari’nan turaqli’ paydalani’wdi’ jolg`a qoyi’w kerek dep yesaplaymi’z.

«Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketine baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` qi’zi’g`i’wshi’li’qlari’n artti’ri’wda, bul sho`lkeminin` baslawi’sh klass woqi’wshi’lar arasi’nda yen` talapshan` ha`m qa`biletlilerin tan`law boyi’nsha ha`reketleri boli’p tabi’ladi’.

Bunda ken` ja`miyetshiliktin` qatnasi’nda qa`biletlibalalar ha`m wo`spirimlerge qa`wenderlik sistemasi’n qa`liplestiriw, a`sirese, jas woylap tabi’wshi’lardi’n` ilimge, bilimge bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’qlari’n asi’ri’wda da «Kamolat» sho`lkeminin` xi’zmetlerisalmaqli’.

Baslawi’sh klass payi’ti’nan baslap sport ha`m dene-ta`rbiyasi’, jaslarda salamat turmi’s ta`rizin qa`liplestiriw boyi’nsha: wolardi’n` arasi’nda fizikali’q ka`millikke yerisiwge ha`reketshen`lik, sportti’n` g`alaba ha`m milliy tu`rlerin, xali’q woyi’nlari’n rawajlandi’ri’wg`a ko`meklesiw, ha`r tu`rli jari’slardi’, turnirlerdi wo`tkeriwi–bul «Kamolat» jaslar ha`reketinin` u`lken jetiskenliklerinen boli’p sanaladi’.

«Kamolat» ha`reketlerinin` isshen`ligin biz balalardi’ salamatlasti’ri’w woraylari’, lagerler, wo`spirimler ha`m jaslar sport do`gerekleri, sekciyalar ha`m klublar, dene ta`rbiyasi’ ha`m salamatlandi’ri’w mekemelerin, balalar ha`m sport mekteplerin ja`ma`a`t qa`wenderlik joli’ menen qollap quwatlawi’ da balalardi’n` kishimektep jaslari’nan sportqa bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’radi’.

A`sirese awi’lli’q sportti’ g`alabalasti’ri’w ushi’n za`ru`rlisha`rayatlar jarati’wda tikkeley qatnasi’w, ma`mleketimiz ta`repinen sali’ng`an sport imaratlari’nda, balalar sport maydanshalari’nda da tu`rli mazmundag`i’ ko`rik - tan`lawlar, sport woyi’nlari’ni’n` wo`tkerilip ati’rg`anli’g`i’ bul sho`lkemnin` ma`na`wiy ta`rbiya boyi’nsha ha`reketlerinen biri.

## 2.2. Sho`lkemnin` woqi'wshi'lar qa`biletin qollap-quwatlawi'

Qa`biletli woqi'wshi'lar wo`z-wo`zinen qa`biletli, sawatli',bilimge qi'zi'g`i'wshan` jaslar bolmaydi'.

Pedagogikali'q ko`z-qarasi'nan ali'p qarag`ani'mi'zda, yeger qay jerde ta`rtip, intizam ha`m ta`rbiya isleri sapali' bolsa, sol jerde adamni'n` qa`bileti de wo`z rawajlani'w joli'n taba aladi'. Bul haqqi'nda pedagogikali'q a`debiyatlarda:

«Bu`gingi ku`nde milliy ideyami'zdi'n` tiykarg`i' maqsetlerinen biri ha`r ta`repleme ka`mil insandi' ta`rbiyalawdan ibarat.

Ka`mil insan bul azad shaxs, yerkin pikirlewshi, wo`z xalqi'ni'n` ideallari' ushi'n pidayi' insan, wo`z watani'na hadal xi'zmet yetiwshiadam.

Ka`millik – bul mehir - miriwbet, a`dalat, tuyari'li'q, hu`jdan, ar-nami's, isbilermenlik, bati'rli'q si'yaqli' ko`plep haqi'yqi'y insani'y pazi'yletler birikpesi».[7]

Demek, «Kamolat» sho`lkeminin` de jumi'slari'nda woni'n` aldi'na qoyg`an yen` basli' maqsetlerdi bul baslawi'sh klass payi'ti'nan-aq woqi'wshi'lardi'n` qa`biletin ani'qlaw ha`m woni' rawajlandi'ri'w boli'p tabi'ladi'.

Ma`mleketimizde jas a`wladti'n` shet yel jaslari' ha`m balalar ma`kemeleri menen ta`jiriybe almasi'wlari'na, shet yellerdegi ten`lesleri menen baylani'si'w arqali' uli'wma insani'y ma`deniy ha`m ruwhi'y qa`diriyatlar menen tani'si'wg`a sha`rayat jarati'w kerek.

Ko`pshilik jag`daylarda «Kamolat» sho`lkemi jumi'slari'na itibar qaratqani'mi'zda, wonda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' arasi'nda sho`lkemlestirilgen tu`rlishe mazmundag`i' ilajlarg`a itibar bergenimizde ja`ma`a`t, ja`ma`a`tlik dosli'q tu`siniklerin ko`remiz.

Ta`rbiya procesi woqi'wshi'lardi'n` ja`ma`a`t boli'p birlesiwi, wolarda ma`ptin` birligi, wo`z-ara ja`rdem sezimlerin wo`siriwge xi'zmet qi'ladi'.

---

[7] Hamdamova M. Barkamol avlodni tarbiyalash pedagogik muammo sifatida// Xalq ta'limi, 2010, №6 son, 117-119-betler.

Al sezim ha`m tuyg`i'lar bolsa sol sho`lkemlestirilgen ja`ma`a`t ag`zalari'ni'n` qa`biletin, talanti'n rawajlandi'ri'w ushi'n ken` jol ashadi'.

Ja`ma`a`tte baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` ha`r ta`repleme rawajlani'wi' ushi'n ken` imkaniyatqa iye boladi'. Bul haqqi'nda ilimiy pedagogikali'q a`debiyatlarda: «Woqi'wshi'lar tati'w ja`ma`a`t boli'p birleskende g`ana jen`il ha`m tabi'sli' boladi'.

Jaqsi' birlesken ja`ma`a`tte ja`ma`a`t pikiri u`lken ta`rbiyali'q ku`shke iye boladi', ha`r bir shaxsqa ta`sir yetedi, wo`z pikirlerin ja`miyet ma`pi menen qosi'p ali'p bari'w, wo`z-ara ja`rdem ko`rsetiw si'yaqli' pazi'yletler da`slep ja`ma`a`tte qa`liplesedi.

Woqi'ti'wshi' wolardi' ja`ma`a`t boli'p ha`r qi'yli' jumi'slardi' wori'nlawg`a a`detlendirip, ja`ma`a`tte jasaw ha`m islewge u`yretip bari'w lazi'm.»[8]

Ta`rbiyada yen` da`slep woqi'wshi' minez-qulqi'ndag`i' unamli' si'patlarg`a tayani'p, unamsi'z qa`siyetlerin jog`alti'p bari'wg`a itibar qarati'w kerek dep yesaplaymi'z.

Sheber, ta`jriybeli pedagoglar wo`z woqi'wshi'lari'ni'n` qa`biletin, jeke wo`zgesheliklerin jaqsi' biledi. Ta`rbiya maqsetin a`melge asi'ri'ya ushi'n bala minez-qulqi'ndag`i' unamli' si'patlag`a tayani'p jumi's ali'p baradi'.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'si'ndag`i' unamli' si'patlarg`a tayani'w, woni'n` unamsi'z si'patlari'n jog`alti'w, jaman a`detlerden qaytari'w yen` jaqsi' qurali'.

A`sirese, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` qa`biletin ani'qlawda «Kamolat» jaslar ja`miyetik ha`reketi ta`repinen baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' arasi'nda wo`tkeriletug`i'n:

- «Du`n`ya balalar ja`rdeminde»;
- «Jas xudojnik»;

[8] Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (O'quv qo'llanma) Toshkent, Fan, 2006, 75-бет.

- «Kitap bizin` dosti’mi’z» ha`m t.b. si’yaqli’ jari’slardi’n` da ma`na`wiy ta`rbiyali’q a`hmiyeti ku`shli. Woqi’wshi’lardi’n` kitapqumar boli’wi’na umti’li’wlari’mi’z – bul turmi’sli’q za`ru`rlik.

Bunda wolardi’n` tek ka`siplik iskerligine ja`rdem beretug`i’n a`debiyatlar menen g`ana sheklenbesten, al jaslardi’n` ma`na`wiy jaqtan bay, qa`biletli boli’p qa`liplesiwine itibar, di’qqat kerek dep yesaplaymi’z.

Ministrler Ken`esinin 2001-ji’l 30-maydag`i’ «O`zbekistan jaslari’ni’n` «Kamolat» ja`miyetlik ha’reketi iskerligin sho`lkemlestiriwge ko`meklesiw haqqi’ndag`i’ qarari’na muwapi’q, wo`tken da`wir dawami’nda usi’ sho`lkemnin` rayon, qalalardag`i’, uli’wma wori’nlardag`i’ bolimleri ta`repinen belgili jumi’slar a`melge asi’ri’ldi’. Solardan respublikami’zdi’n` ko`plegen rayon ha`m qalalari’nda jaslar ja`miyetlik xi’zmet worayi’ sho`lkemlestirilgenligi, jaslardi’n` aldi’nda turg`an mashqalalardi’ sheshiw, wolardi’n` ma`deniy da`rejesin asi’ri’w, huqi’qi’y sawatli’li’g`i’n asi’ri’wg`a qatari’lg`an massali’q ilajlar, ha`r tu`rli ko`rik tan`lawlar, ushi’rasi’wlardi’ sho`lkemlestiriw, woqi’wshi’ ha`m talabalar arasi’nda «Kamolat» iskerligin yen jaydi’ri’w tiyis dep yesaplaymi’z.

«Kamolat» ja`miyetlik jaslar ha`reketine tiykar bolg`an da`stu`r ha`m ni’zamni’n` a`meliyatta wori’nlani’wi’ usi’ sho`lkem ta`repinen jaslardi’n` arzi’w u`mitlerin ju`zege shi’g`ari’w, wolardi’ ja`miyetimizdin` ja`miyetlik - ma`na`wiy ha`m ekonomikali’q jan`alani’w procesinde wo`z worni’n tabi’wg`a ko`meklesiw boyi’nsha ali’p bari’li’p ati’rg`an jumi’slardi’ unamli’ bahalap bolmaydi’.

Ha`reket iskerligin sho`lkemlestiriwde ayi’ri’m jag`daylarda ra`smiy qatnas jasawg`a jol qoyi’li’p ati’rg`anli’g`i’ a`meliy mashqalalardan uzaqlasi’p qalg`anli’g`i’, qa`biletli ta`biyiy jetekshilik uqi’pqa iye bolg`an jaslardi’ «Kamolat»qa tarti’w, wolarg`a ko`birek yerkinlik ha`m wo`z sho`lkemlestiriwshilik, baslamashi’lli’g`i’n ko`rsetiwiushi’n sha`rayat ha`m imkaniyat jarati’p bari’w menen baylani’sli’ bolg`an kemshilikler de bar. Bul ha`rekettin` ja`ne bir wo`zgesheligi wol ma`mleket, ja`ma`a`t ha`m

ma`mleketlik yemes sho`lkemlerdegi jaslardi’ wo`z qatari’na i’qti’yari’y ta`rizde birlestiredi ha`m wo`z baslang`i’sh sho`lkemlerin du`zedi.

Ha`reket iskerligi wo`z ag`zalari’ni’n` i’qti’yarli’li’g`i’, ten` huqi’qli’g`i’ ha`m wo`zin - wo`zi basqari’w, ni’zamshi’li’q, a`shkarali’q, demokratiyali’q wo`zgesheliklerge tiykarlanadi’.

## 2.3. «Kamolat» sho`lkemi iskerligi ha`m ta`rbiyali’q a`hmiyeti

Ha`reket ag`zalari’ ja`ma`a`tshilik jumi’slarda basqari’wshi’li’q uqi’pqa iye boli’p g`ana qoymastan, al ha`r biri minnetlerine de iye. Bunda woqi’wshi’ jaslar to`mendegilerge itibar qaratadi’:

-ha`rekettin` maqset ha`m wazi’ypalari’n a`melge asi’ri’wda belsene qatnasi’w;

- «Kamolat» ha`rekettin` jaslar, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ arasi’nda ha`m ja`miyette ta`sir ku`shin, abi’royi’n asi’ri’wg`a wo`z u`lesin qosi’w;

- ha`rekettin` organlari’, baslawi’sh sho`lkeminin` ishinde aktiv qatnasi’w;

- ha`rekettin` jaslar arasi’nda ha`m ja`miyette ta`sir ku`shin ha`m abi’royi’na wo`z u`lesin qosi’w;

- ha`rekettin` organlari’n, baslawi’sh sho`lkem ji’ynali’slari’ qararlari’n wori’nlaw;

-ha`rekettin` baslawi’sh sho`lkemiishinde aktiv qatnasi’w;

-xa`rekettin` sho`lkemlestiriwshinegi bul baslawi’sh sho`lkem. Baslang`i’sh sho`lkemler O`zbekistan Respublikasi’ni’n administrativlik territoriyali’q bo`liniwlerine muwapi’q rayon ha`m qala bo`limlerine birlesedi.

Baslang`i’sh sho`lkemler jetekshilerinin` jergilikli, ken`se, rayon, wa`layat ha`m respublika da`rejesindegi ken`esleride du`ziliwimu`mkin. Baslang`i’sh sho`lkemler jetekshileri ken`esi wo`z iskerligi Worayli’q ken`es ta`repinen tasti’yi’qlang`an ni’zam tiykari’nda a`melge asi’ri’ladi’.

Al, «Kamolat» jaslar ha`reketinin` jeke ta`rtiptegiag`zalari' jaslardi'n` jumi's, woqi'w worni' ha`m xi'zmet wori'nlari'nda du`ziletug`i'n baslang`i'sh sho`lkemlerge birlesedi.

Baslang`i'sh sho`lkem yen` keminde bes ha`reket ag`zasi'ni'n` qa`lewine tiykarlani'p, wolardi'n` ji'ynali'si'ni'n` qarari' menen du`ziledi. Bul haqqi'nda pedagog ilimpazlar to`mendegilerdi ma`lim yetip bildiredi:

«Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketi atqari'w komitetinin` qarari' menen baslang`i'sh sho`lkemlerge yuridikali'q shaxs biyligi beriliwimu`mkin. Usi' ma`seleni ko`rip shi'g`i'wda birin shin a`wbette baslang`i'sh sho`lkemnin` finansli'q imkaniyatlari' yesapqa ali'nadi'.

Baslang`i'sh sho`lkemdegiha`reket ag`zalari'ni'n` uli'wma ji'ynali'si' wolardi'n` basqari'wshi' organi'. Uli'wma ji'ynali's bir ji'lda keminde yekima`rte, yesabat saylaw ji'ynali'si' bir ji'lda bir ma`rte wo`tkeriledi.

Uli'wma ji'ynali's baslang`i'sh sho`lkem iskerligine tiislibarli'q ma`selelerdi ko`rip shi'g`i'w huqi'qi'na iye.

«Kamolat» sho`lkeminin` yesap beriw saylaw ji'ynali'si'ni'n` wa`killikler ito`mendegilerden ibarat:

Baslang`i'sh sho`lkemnin keyingi ji'ldag`i' iskerliginin` tiykarg`i' jo`nelislerin belgileydi.

Baslang`i'sh sho`lkemi jetekshisi, ken`es qurami'n saylaydi'»[9]

Demek, bul ta`repinen qarag`ani'mi'zda «Kamolat» sho`lkeminin` du`ziliw, yesap beriw ji'ynali'slari'ndag`i', qurami'ndag`i' wo`zgeshelikleri– bulardi'n` barli'g`i' da baslawi'sh klass woqi'wshi'lari', mektep jasi'ndag`i' barli'q woqi'wshi'lardi'n` ma`na`wiy ta`rbiyasi' ma`selesine qarati'lg`an.

«Kamolat» sho`lkemine ag`za boli'w ushi'n yamasa rasasi', tili, milleti, diniha`m isenimine ja`miyetlik da`rejesine qaramastan, al, ha`rekettin` maqsetlerin qollap - quwatlaytug`i'n won to`rt jastan woti'z jasqa shekem

---

[9] Xudayqulov J, Qunduzova N.R. Tarbiyaviy ishlar metodikasi (o'quv –uslubiy qo'llanma) Toshkent, 2007, 73-бет.

bolg`an jigit ha`m qi’zlar woni’n` jeke ta`rtiptegi ag`zalari’ boli’p yesaplanadi’.

Bul ha`reket wo`zlerinin` bir qatar baslamalari’ menen baslawi’sh klass woqi’yashi’lari’na wo`rnek. A`sirese «Kamolat» ha`reketi baslamasi’ menen bu`gingi kunde «Quwi’rshaqlar bayrami’» ha`r ji’li’ may ayi’nda wo`tkeriledi. Wonda arti’qsha pul da sarplanbaydi’.

«Kamolat» sho`lkemi ta`repinen uli’wma bilim beriw mekteplerinde baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na mi’naday tapsi’rma beriledi. U`yde kereksiz boli’p qalg`an buyi’mlardan ha`r tu`rli buyi’mlar, balalar ushi’n jumsaq woyi’nshi’qlar sog`i’p, woni’n` sho`lkem ta`repinen «Quwi’rshaqlar ko`rgizbesi» wo`tkeriledi. Bunda baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na shan`araq ag`zalari’, shan`araqtag`i’ jasi’ u`lkenler woqi’wshi’larg`a ja`rdemlesedi. Bunda yen` u`lgili ha`m ko`p woyi’nshi’qlar soqqan woqi’wshi’lar «Kamolat» ta`repinen si’yli’qlanadi’.

Al, wolardi’n` qoli’nan islengen woyi’nshi’qlari’ bolsa sol wo`z aymag`i’ndag`i’ ma`ha`lle degikem ta`miyinlengen shan`araq ag`zalari’ni’n` balalari’na, mektepte woqi’wg`a den-sawli’g`i’ jaramaytug`i’n mayi’p, nagiran balalarg`a sawg`a retinde tarqati’ladi’. Wolardan da awi’sqan woyi’nshi’qlar bolsa jaqi’n jerlerde yemlewxanalarda yemlenip ati’rg`an awi’ri’w balalarg`a, balalar baqshasi’ ta`rbiyalani’wshi’lari’na, mehribanli’q u`yi balalari’na sawg`a retinde beriledi.

«Kamolat» ta`repinen usi’ si’yaqli’ ha`r qi’yli’ mazmundag`i’ ilajlardi’n`, ko`rik tan`lawlardi’n`, ko`rgizbelerdin` boli’p wo`tiwi, wolardi’n` birinshiden, qa`biletlilerin tan`lawg`a ja`rdem berse, yekinshi ta`repten woqi’wshi’lardi’n` miynet yetiw, miynet su`yiwshilikke ta`rbiyalani’wi’na da wo`z ta`sirin tiygizedi. Sonli’qtan usi’ si’yaqli’ ko`rgizbe, tan`lawlardi’n` boli’wi’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` «Kamolat» sho`lkemi jumi’slari’na qi’zi’g`i’wshi’-li’g`i’n artti’ri’w menen birgelikte ma`na`wiy jaqtan ta`rbiyalani’wi’na da salmaqli’ rol` woynaydi’.

## III.Bap. «Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` pedagogikali'q iskerligi

«Kamolat» sho`lkemi tek baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' g`ana yemes, al uli'wma ma`mleketimizde wo`sip kiyati'rg`an a`wladlardi' ja`n-jaqlama watang`a sadi'qli'qti' ta`rbiyalawda, watan su`yiwshilik ruwhi'nda ta`rbiyalawga tiygizetug`i'n ta`siri ko`p.

Kamolatshi'lar bul pedagoglar, ja`ma`a`tshiliktin` birliktegi «Kamolat» sho`lkemi islerinin` wo`zine ta`n wo`zgesheligi.

A`sirese baslawi'sh woqi'wshi'lari'ni'n` ata-analari'n qollap-quwatlawi' jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` ta`rbiyali'q islerinin` na`tiyjeliligin wo`siriwdin` za`ru`rli pedagogikali'q sha`rti.

Kamolatlar ha`weskerligin pedagogikali'q xoshametlewdin` ob'ektiv tiykari' bir qatar ilajlar menen si'patlarda yag`ni'y ja`miyet bir pu`tkil jol a`wlad bul sho`lkemnin` islerinen ma`pdar.

Pedagogikali'q kamolotshi'lardi'n` wo`zgesheligi, kishimektep jasi'nda ha`m wo`spirimlik waqi'tta mektep woqi'wshi'lari'ni'n` yerkin ha`reketlerge, baslamashi'li'q ha`m ja`miyetlik aktivlik ko`rsetiwge umti'li'wi' turaqli' ha`m jedel wo`sip barmaqta, kamolotshi'lardi'n` ha`weskerligin ja`miyetlik a`hmiyetke sa`ykes maqsetlerge bag`darlaw ushi'n woni' ba`rha` xoshametlep turi'w za`ru`r. Bul kamolot aktivlerine wo`z waqti'nda pedagogikali'q tiykarlang`an ha`m duri's ma`sla`ha`t boli'p yesaplanadi'.

Mektep pedagoglar ja`ma`a`tinin` kamolotshi'lardi'n` saylap qoyi'latug`i'n wo`zin - wo`zi basqari'w organlari'na tayani'w, jaslardi'n` ja`ma`a`t iskerligin sho`lkemlestiriwde kamolotshi'larg`a ani'q a`meliy ja`rdemler ko`rsetiw tiyis.

Mektep pedagoglar ja`ma`a`ti kamolotshi'lardi'n` saylap qoyi'latug`i'n wo`zin - wo`zibasqari'w organlari' menen birgelikte baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` qa`biletlerin, qi'zi'g`i'wshi'li'qlardi' ha`r ta`repleme rawajlandi'ri'wdi', kamolatshi'lardi'n` ja`ma`a`t xi'zmetin rejelestiriw,

sho`lkemlestiriw, wolardi'n` juwmaqlari'n shi'g`ari'w ha`m na`tiyjelerin bahalawdi'n` tiykarg`i' qatnasi'n ta`miyinleydi.

Kamolatshi'lardi'n` qi'zi'g`i'wshi'li'qlari'n pedagogikali'q tiykarlang`an halda xoshametlew da`slep jaslar sho`lkemi iskerliginin` maqseti waziypalari' principlerin teren` biliw, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` psixologiyasi'ni'n` wo`zgesheliklerin tu`siniw jaslardi'n` talaplari'na da na`zerde tiykarlanadi'.

Bizin` pikirimizshe, yeger pedagoglar, kamolatshi'lardi' u`lkenler yerk i'qrari' ha`m ko`rsetpelerinin` tek wo`ri'nlawshi'si' yemes, al ba`lkim ja`ma`a`ttegi pu`tkil Kamolat turmi'si'ni'n` tiykarg`i' ha`reket yetiwshi tulg`asi' dep bilse, wolardi'n` ha`r biri wo`z gezeginde ta`rbiyali'q processinin` aktiv ku`shine aylanadi'.

Watandi' su`yiwshilik ta`rbiya sistemasi'ni'n` haqi'yqi'y insani'yli'q wo`zgesheligi mektep woqi'wshi'lari'ni'n` do`retiwshilik imkaniyatlari'na teren` isenim menen baylani'sli'.

Kamolat sho`lkemimenen birgelikte a`melge asi'ri'latug`i'n iskerlikte basshi'li'qta ha`r qanday uri'ni'w kamolatshi'lar ha`weskerligin xoshametlew boyi'nsha qi'li'natug`i'n pedagogikali'q jumi's na`tiyjeliligi ushi'n tiykar.

Klass basshi'lari'ni'n` kamolatshi'lar ja`ma`a`ti islerine arti'qsha qadag`alaw –bul wolardi'n` jumi'slari' ushi'n keri ta`sirin tiygizedi. Bul kamolatshi'lar ha`reketinen qi'zi'g`i'wshi'li'qti' rawajlandi'ri'wg`a, kamolatshi'lardi'n` aktiv tu`rdegi jumi'slari'n bekkemlewge zi'yani'n tiygizedi dep yesaplaymi'z.

## 3.1. Kamolat ji'ynali'slari'n wo`tkeriwdin` pedagogikali'q jol-jobasi'

Kamolat ji'ynali'slari' – bul wolardi'n` mektep woqi'wshi'lari', uli'wma baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen birgelikte ali'p barg`an ta`lim - ta`rbiya mazmunlari'ni'n` bari'si', jag`dayi' menen baylani'sli'.

Kamolatshi'lardi'n` ji'ynali'slari'nda sho`lkeminin` za`ru`rli jumi'slari'n sheshiw jumi'slari' ko`rip shi'g`i'lg`an, ku`ndelik jumi'slar ushi'n jobalar du`ziledi, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen wo`tkeriletug`i'n ji'ynali'slar woylasi'p ali'nadi'.

Ji'ynali's barli'q kamolatlardi' ja`ma`a`tke basshi'li'q yetiwge tartadi'. Kamolat sho`lkemi turmi'si' ha`m iskerligi boyi'nsha tiykarg`i' ma`seleler haqqi'nda haqi'yqi'y pikirdi qa`liplestiriledi.

Ha`r bir kamolatshi'g`a barli'q mekemelerdi kemeytiwde qatnasi'w, bo`lim basli'g`i' yaki ken`es ni'zamli'qlari'nsha saylaw ha`m saylani'wdi'n` ten` huqi'qlari'n ta`miynleydi.

Ji'ynali'sta is rejesi dodalanadi' ha`m tasti'yi'qlanadi', saylap qoyi'latug`i'n organlardi'n` ha`m ha`r bir kamolatti'n` islerine baha beredi.

Kamolat ji'ynali'si'n tayarlaw ha`m yo`tkeriwdin` pedagogikali'q ta`repten tiykarlang`an metodikasi' woni'n` bo`limler iskerligine, uli'wma ja`ma`a`ttin` islerinde kamolatshi'lardi'n` aktiv wo`z joli'n qa`liplestiriwge ta`sir ko`rsetiwdin` na`tiyjeliligin ta`miyinleydi. Sonli'qtan da kamolat jetekshilerine ha`m aktivlerge pedagogikali'q ja`rdem ko`rsetiw ji'ynali's temasi'n ani'qlawg`a woni' tayarlaw ha`m wo`tkeriw rejeleriislep shi'g`i'wg`a, bul jumi'sqa imkaniyati' bari'nsha ko`birek kamolatshi'lardi' tarti'w, ji'ynali'sta dodalang`an za`ru`r ma`seleler haqqi'nda kamolatshi'lardi'n` ma`ha`llenin` aktivlerinin` pikirin qa`liplestiriwge, ji'ynali'sti'n` ani'q bir sheshimge kelgen qarari'n tasti'yi'qlawg`a qarati'ladi'.

A`sirese, uli'wma bilim beriw meteplerinde, mektep internatlarda kamolat sho`lkemi ta`repinen ha`r tu`rli mazmundag`i' shara - ilajlardi' wo`tkeriwi u`lken a`hmiyetke iye.

Kamolatshi'lardi'n` ji'ynali'si'n tayarlaw procesinde mektep direktori' ha`m woqi'w wori'nbasari', klasstan ha`m mektepten ti'sqari' ta`rbiyali'q islerdin` sho`lkemlestiriwshisi, mektep kamolat sho`lkeminin` xatkeri bas jetekshisi menen birgelikte bo`lim ken`esine ji'ynali's temasi'n, wol ja`miyetlik siyasiy waqi'yalar ha`m wo`zbek xalqi'ni'n` bayramlari' kamolat sho`lkemi turmi'si'ndag`i' umi'ti'lmas sa`neler menen baylani'sli' bolatug`i'nday yetip belgilewde ja`rdem beredi.

Mektepte ha`r qi'yli' sa`nelerde, bayram mazmuni'ni'n`a sa`ykes wo`tkeriletug`i'n ilajlar ko`p. Usi'nday ilajlardi'n` barli'g`i'nda kamolat baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n tan`law an`sat is yemes. Soni'n` ushi'n bilim ji'ynali'si' worni'n`a ko`plegen kamolat ji'ynali'slari' da yamasa yertelikleride wo`tkeriliwi de mu`mkin.

A`lbette, mektepte kamolat aktivlerine bo`limler ji'ynali'si'n tayarlaw ha`m wo`tkeriwdin` ani'q-ti'ni'sh rejesin islep shi'g`ari'wda ha`m de pedagogikali'q ja`rdem ko`rsetiw za`ru`r boladi'. Wonda to`mendegilerge itibar qarati'w kerek dep yesaplaymi'z.

–Ji'ynali'sti' qay jerde, qashan, qanday wo`tkeriw kerekligi;

– Binani' qanday ta`rtipte bezetiw kerekligin;

– Ji'ynali'sqa kimlerdi mira`t yetiw kerekligi (mi'sali' baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` ata-analari', ma`ha`lle aqsaqallari');

– Hawazli' jazi'wlardan ko`rgizbeli qurallardan, slaydli' ko`rgizbelerden qalay paydalani'w kerekligi;

– Qalay ken`es ha`m kamolat bo`limlerinin` ag`zalari' qanday tapsi'rmalardi' wori'nlaw kerekligi si'yaqli' ma`seleler da`slep pedagoglar menen ma`sla`ha`tlestiriledi.

Bunday imkaniyatlarg`a baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` ata-analari' mira`t yetilgen jag`daylarda, wolar tek tamashago`y yamasa a`piwayi'

ji'ynali's qatnasi'wshi'si' boli'p qalmastan, al wolardi' jedel qatnasti'ri'w ushi'n ha`r tu`rli mazmundag`i' woyi'nlar, sorawlar sho`lkemlestiriw de mu`mkin.

Kamolatshi'lardi'n` pedagogikali'q bag`dardag`i' ji'ynali'slari'nan biz ma`mleketlik pedagogikali'q a`meliyatta bolg`an №19 mekteptin` baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` ata –analari' menen ji'ynali's mazmuni'n qi'sqasha bayanlaymi'z.

Kamolatshi'lardi'n` bul ji'ynali'si'nda baslawi'sh klass woqi'wshi'-lari'ni'n` barli'g`i'na bir pedagogikali'q situaciya wortag`a taslandi'. Woni'n` mazmuni' to`mendegishe:

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na kamolatshi'lar «Sen kim boli'wdi' qa`leysen`?» dep soraw bergeninde, wolardan bir woqi'wshi' «Men televizor boli'wdi' qa`leymen» dep juwap bergen. Usi' sorawdi'n` juwmag`i'nan kelip shi'g`i'p ata – ana u`yde qansha bos waqti'n baslawi'sh klassta woqi'p ati'rg`an balasi'na arnaydi'. Ata –analarg`a qoyi'lg`an soraw:

– Sizler baslawi'sh klassta woqi'p ati'rg`an ul - qi'zlari'n`i'zg`a qansha waqi't aji'ratasi'z? Ta`rbiya ma`selesinde nege su`yenesiz?

– Baslawi'sh klass woqi'wshi'si' u`yde ne ushi'n televizorg`a aylani'p qali'wdi' qa`leydi?

Bul kamolatshi'lardi'n` wo`tkerip ati'rg`an ji'ynali'sta ha`r bir ata –ana wo`z imkaniyatlari'nan kelip shi'g`i'p, ha`r qi'yli' juwap qaytardi'. Ayi'ri'mlari' jumi'sta boli'p hesh qanday waqi't aji'rata almaytug`i'nli'g`i'n jazba tu`rde bildirse, ayi'ri'mlari' 20 minut ya asi'p ketse yari'm saat waqti'n aji'ratatug`i'nli'g`i' ko`rkem a`debiy shi'g`armalardi' birgelikte woqi'p, wolardi' balalari' menen birgelikte talqi'law ushi'n ara-tura waqi't aji'ratatug`i'ni'n bildiredi. Bul si'yaqli' ma`jilisler tek kamolatshi'lardi'n` yesap beriw yesabatlari'n ti'n`law ma`jilisi boli'p qalmastan, al ata-analardi'n` baslawi'sh klassta bilim ali'p ati'rg`an balalari'na ma`na`wiy ta`rbiya beriw ushi'n pikirlesiw ma`jilisine woylani'wi' ta`biyiy.

Geypara ata – analar «balani’n` televizorg`a aylani’p qali’wdi’ qaleymen» degeni–bul ata-analar keshte jumi’slari’nan kelip yamasa yekshembi ku`nleri bolsa da tek televizordi’n` aldi’nan shi’qpay woti’ra beriwi, balasi’ ushi’n hesh qanday waqi’t aji’ratpaytug`i’nli’g`i’n tu`sindirip berdi.

«Kamolat» sho`lkemi ag`zalari’ ko`binese baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ arasi’nda ha`r qi’yli’ ilajlardi’ wo`tkergende ko`binese wolardi’n` bilimge intasi’na baylani’sli’ «Kitapqumarlar» jari’si’, «Biz kitap penen dospi’z» degen temalarda ilajlardi’ wo`tkergendi maqul ko`redi. Bul wog`ada duri’s baslama, sebebi, bazi’ bir balalarda mektepke shekem kitapqa qi’zi’g`i’wshi’li’q yele duri’s qa`liplespegen boladi’. Bul jag`day birinshi klass woqi’wshi’lari’nda ayri’qsha ko`zge tu`sedi. Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ kitapti’ wo`zi woqi’g`annan beter ti’n`lawg`a, duri’s woqi’w ko`nlikpesi qa`liplesip jetilispegen boladi’. Wolar shi’g`armadag`i’ waqi’yani’n` qalay tamamlang`ani’n bilgisi keledi ha`m woni’ basqa birewdin` woqi’p bergenin maqul ko`redi.

Demek,kamolatshi’lar ta`repinen usi’ si’yaqli’ ani’q maqsetke bag`darlang`an tematikadag`i’ iljlardi’n` «Kamolat» sho`lkemi ta`repinen tez - tez sho`lkemlestirilip turi’li’wi’ bul baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` ha`r ta`repleme ka`milligine yerisiwine tiykar boladi’.

Kamolat sho`lkeminin` pida`kerlik da`stu`rin ju`zege shi’g`ari’wda mektep ha`m kamolat sho`lkemlerinin` tapsi’rmalari’n wori’nlawda qatnasi’ ma`seleleri de ko`rip shi’g`i’ldi’. Wonda ha`r turli to`mendegi mazmundag`i’ ilajlardi’n` wo`tkeriliwi maqsetke muwapi’q dep yesaplaymi’z.

Mi’sali’, «Kamolatshi’ boli’wg`a tayarlan», «Kamolat – isenimli joldas», «Woqi’wshi’larg`a – kamolatti’n` g`amqorli’g`i’», «Bizin` so`zimiz ha`m isimiz» ha`m basqa da temalarda wotkerilgen ilajlar baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` kamolatqa degen qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’radi’.

«Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketitek g`ana baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` ma`na`wiy ta`rbiyasi’ni’n` qa`liplesiwine ta`sir yetip qoymastan, al talaba jaslardi’n` da sabaqtan bos waqi’tlari’n duri’s

sho`lkemlestiriwde a`hmiyeti u`lken. Bul haqqi’nda to`mendegi ilimiy maqalada mi’naday pikirler bildiriledi:

«2001-ji’li’ ma`mleketimizde jaslardi’ birlestiretug`i’n, wolar menen tikkeley jumi’s ali’p baratug`i’n «Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketi du`zildi. Bul jaslar ha`reketi xali’q arali’q, jergilikli ja`miyetlik sho`lkemler ha`m ha`kimiyat uyi’mlari’, puxaralardi’n` wo`zin - wo`zi basqari’w uyi’mlari’ menen birgelikte jumi’s ali’p baradi’.

«Kamolat» ha`reketinin` tiykarg`i’ wazi’ypalari’ni’n` biri jaslardi’n` huqi’q ha`m ma`plerin qorg`aw boli’p yesaplanadi’.

Usi’ maqsette ha`rekettin` Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ken`esi ta`repinen yag`ni’y «Jaslar ha`m ba`ntlik», «Jaslar ha`m isbilermenlik», «Jaslar ha`m ekologiya», «Jaslar arasi’nda ruwhi’y ha`m ag`arti’w jumi’slari’n ali’p bari’w bag`darlamalari’ qabi’l yetildi ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg`i’ Ken`esi ta`repinen tasti’yi’qlandi’.»[10]

Haqi’yqati’nda da «Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketi woqi’wshi’lardi’n` kishi mektep jaslari’nan-aq bilimlerin jetilistiriw, ni’zamlarg`a hu`rmet ruwhi’nda ta`rbiyalaw, wo`z huqi’qlari’n biliw ha`m huqi’qi’y sanasi’ni’n` wo`siwine ta`sir yetiw maqsetinde Xali’q bilimlendiriw ministrligi, Joqari’ ha`m worta arnawli’ bilimlendiriw basqarmasi’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken`esijani’ndag`i’ jas o`spirimler menen islesiw komissiyasi’, respublikali’q huqi’q qorg`aw uyi’mlari’, Qaraqalpaqstan teleradio kompaniyasi’ menen birgelikte woqi’wshi’ jaslar arasi’nda «Siz ni’zamdi’ bilesiz be?», «Siz wo`z huqi’qi’n`i’zdi’ bilesiz be?», «Jaslar ha`m ni’zam», «Zaman ha`m ni’zam» atamalari’nda huqi’qi’y tu`sinik jumi’slari’ ha`m ko`rik tan`lawlari’ sho`lkemlestiriwdin` jolg`a qoyi’lg`anli’g`i’ jas a`wlad ta`rbiyasi’na degen itibardi’n` bul sho`lkem ta`repinen toli’q tu`rde qorg`alg`anli’g`i’n ko`rsetedi.

---

[10] Muminova N.B. Talaba-jaslardi’n` sabaqtan bos waqi’tlari’n sho`lkemlestiriwde «Kamolat» jaslar sho`lkeminin` a`hmiyeti// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 37-38-bet.

Mektep woqi’wshi’lari’ni’n` bos waqi’tlari’n mazmunli’ wo`tkeriw, wolardi’ salamat turmi’s qa`lpi talaplari’ tiykari’nda ta`rbiyali’q ha`r qi’yli’ unamsi’z illetlerdi yen jaydi’rmawdi’n` aldi’n ushi’n ha`rekettin` tiykarg`i’ bag`dari’n toli’q a`melge asi’ri’w ushi’n, ha`rekettin` baslang`i’sh sho`lkemleri ha`m rayon. Qalali’q bo`limler jani’nan bu`gingi ku`nge kelip 950 den arti’q klub, sport sekciyalari’ du`zildi, wolarda 30 mi’n`nan aslam woqi’wshi’ jaslar wo`z qi’zi’g`i’wshi’li’qlari’ boyi’nsha qatnaspaqta.[11]

Kamolat sho`lkemio`sip kiyati’rg`an jas a`wladti’n` bilimlerin bunnan bi’lay da jetilistiriwde «Bilim ring», «Woylan, izlen, tap», «Zakawat» jari’slari’n basqi’sh pa basqi’sh wo`tkerilip, wolardi’ respublika ko`leminde wo`tkeriw mu`mkinshilikleri tuwdi’ri’lg`an.

Demek, bul sho`lkemnin` basli’ maqsetlerinen biri- bul bos waqi’tti’ duri’s sho`lkemlestiriw boli’p tabi’ladi’. Komolot sho`lkemi iskerligi bul barqulla mektep ha`m ma`ha`lle menen ti’g`i’z baylani’sli’li’qta. Klass basshi’si’ ja`ma`a`t iskerliginde bo`limlerdin` ilaji’ bari’nsha ko`birek kamolatshi’lar belsendi qatnasi’wi’ ushi’n bul jumi’sqa ha`r bir bo`limdi qarati’wg`a umti’li’p, bo`lim ken`esine ji’ynali’sqa tayarli’qti’ arnawli’ reje tiykari’nda ali’p bari’wdi’ usi’ni’w mu`mkin.

Belsendilerge ji’ynali’s waqti’n duri’s belgilewde sa`ykes keletug`i’n xanani’ tabi’wda, wolarg`a atali’q qi’li’p woti’rg`anlardi’ ha`m ata-anasi’n wo`z waqti’nda mira`t yetiwge tayarlawg`a ja`rdem beriw kerek.

A`lbette, kamolat sho`lkemiji’ynali’slari’n kamolatshi’lardi’n` wo`zleribasqaradi’ ha`m wolardi’n` g`a`rezsizligin anaw yamasa mi’naw ta`rtipte ju`ritiwde, ji’ynali’sti’n` ali’p bari’li’wi’n u`lkenlerdin` tiykarsi’z ra`wishte aralasi’wi’na jol qoyi’p bolmaydi’. Bunda kamolatshi’lardi’n` yesabatlari’n dodalawda, tapsi’rmalari’n bo`listiriwde, ruwxi’y a`dep-ikramli’li’q bari’si’ndag`i’ mashqalalardi’ dodalaw waqti’nda balalar wo`z

---

[11] Muminova N.B. Talaba-jaslardi’n` sabaqtan bos waqi’tlari’n sho`lkemlestiriwde «Kamolat» jaslar sho`lkeminin` a`hmiyeti// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 37-38-bet.

jeke pikirlerin ha`dden ti’s qatan` yetip ayti’wi’, bo`limdegiwo`z jora-joldasi’ni’n` ha`reketi yamasa jumi’si’n jeterli da`rejede bahalamawi’ mu`mkin. Bunday waqi’tta woqi’wshi’lardi’n` minez-qulqi’n a`ste aqi’ri’n-li’li’q penen du`zetiw, qarama - qarsi’li’qli’ jag`day ju`zege kelse wolardi’n` aldi’n ali’w mu`mkin. Soni’n` menen birge ji’ynali’sti’ ali’p bari’wshi’larg`a ja`ma`a`t turmi’si’ ha`m iskerligi ma`selelerin dodalap bari’wdi’ usi’ ta`rizde bag`darlawg`a ja`rdem beriw tiyis.

Kamolatshi’lardi’ ji’ynali’sta baqlaw ha`m bahalaw an`sat bolatug`i’n tapsi’rmalardi’n` haqi’yqi’y wori’nlani’w mu`ddetleri bolg`an qi’sqa ha`m ani’q qarar qabi’llawg`a u`yretiw kerek.

Tu`rli jas toparlari’nda bo`limlerdin` kamolat ji’ynali’slari’ turaqli’ wo`zine ta`n wo`zgesheliklerge iye, soni’n` ushi’n kamolat aktivlerine pedagogikali’q ja`rdem beriw mazmuni’ birdey bolmaydi’.

II yamasa IV klassti’n` klass basshi’si’ bo`lim kamolat jetekshisimenen birgelikte bo`lim ken`esine ji’ynali’sti’ basqari’w ta`rtibin ha`m kamolatti’n` qatnasi’wi’nda qabi’l yetilgen ma`resimlerdi wo`zlestiriwde, kamolat tapsi’rmalari’n bo`listiriw, qadag`alaw ha`m bahalawdi’ u`yretiwde bo`limlerdin` barli’q komolotshi’lari’na huqi’q ha`m ma`jbu`riyatlardi’n` ju`zege shi’g`i’wi’ ushi’n sharayat jarati’wda ja`rdem beriwge ha`reket yetedi.

Soni’n` menen birge ji’ynali’s ali’p bari’wshi’larg`a ja`ma`a`t turmi’si’ ha`m ma`selelerin dodalawdi’n` ali’p bari’li’wi’ ha`m usi’ taqi’letke bag`darlang`an ja`rdem beriw tiyis.

Al bunday ji’ynali’slarda ma`ha`lle aqsaqallari’, belsendilerdin` iskerligide di’qqatqa i’layi’q. Sebebi bularsi’z kamolatti’n` pedagogikali’q pikiri rawajlanbaydi’.

Kamolatshi’lardi’n` ji’ynali’si’nda qadag`alaw, bahalaw an`sat bolatug`i’n tapsi’rmalardi’n` haqi’yqi’y wori’nlani’w mu`ddetleri bolg`an qi’sqa ha`m ani’q qarar qabi’l yetiliwi kerek.

Tu`rlijas toparlari'ndag`i' bo`limlerdin` kamolat ji'ynali'slari' wo`z wo`zgesheliklerine iye. Sonli'qtan kamolat aktivlerine pedagogikali'q ja`rdem beriw mazmuni' birdey bolmaydi'.

V-VI klass bo`limleri aktivlerine pedagog ha`m jetekshi toli'q da`rejede sho`lkemlestiriwshilik jumi'slari'nan toplang`an bilim ha`m ko`nlikpelerdi ju`zege shi'g`ari'wg`a baslamashi'li'qti' rawajlandi'ri'wg`a ja`ma`a`t boli'p dodalaw arqali' bo`limler iskerligi keleshegin belgilewge zi'yali'li'ardi' xoshametlewge is jetiskenliklerin ha`r ta`repleme bahalawg`a kamolatshi'lardi'n` ani'q ha`reketlerin, wolardi'n` ideyali'q a`dep - ikramli'li'q normalari' menen sheberlik penen sali'sti'ri'wg`i' ja`rdem beredi.

Al, VII-VIII klasslardi'n` kamolatshi'lari'n kamolat qatari'na kiriwge tayarlaw, keyin ala bo`lim ken`esi usi' ma`sele boyi'nsha toli'q tiykarli' qarar qabi'l yetiwiushi'n kamolatqa kirip ati'rg`anlarg`a usi'ni'slardi' dodalaw mu`na`sibeti menen bo`limdegi wo`z joldaslari'na da a`dalatli' baha beriw kerek.

## 3. 2. Kamolat sho`lkemine ag`zali'q ha`m woni'n` iskerligi

Kamolat sho`lkemine ag`zali'qqa baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n qi'zi'qti'ri'wda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen ti'g`i'z birge islesiw kerek. Mi'sali', kamolatshi'lar qatari'nan shi'g`i'wdi'n` da wo`z jol - jori'g`i' bar. Wolar wo`z jeke arzasi' arqali', ha`reket ag`zasi'ni'n` jasi' ag`zali'qtan wo`tkende, ha`rekettin` ja`ma`a`t ko`lemindegi ag`zasi' boli'p bo`lim ta`repinen qarari'n usi'ni'w arqali' ha`rekettegi ag`zali'g`i'n toqtati'li'wi' mu`mkin.

Ha`rekettin` barli'q ag`zalari' to`mendegishe ten` huqi'qqa iye dep ko`rsetiledi ilimiy a`debiyatlarda, atap aytqanda:

- Uli'wma ji'ynali'slar, konferenciyalar ha`rekettin` saylap qoyi'latug`i'n basshi' organlari' ma`jilisleri ha`m ha`rekettin` basqa da ha`r qanday ma`selelerdi dodalawda wo`z pikirlerin yerkin tu`rde bildire ali'wi';
- Wo`zi ha`rekettin` qorg`awi' ha`m qollap-quwatlawi'nan paydalani'w;

- Wo`z pikirlerin yerkin pikirde bildire ali'w;

«Ha`rekettin` ha`r qanday organi' ha`m ag`zasi'ni'n kemshiliklerin ayti'wi' mu`mkin».

Ha`reket ag`zalari' yen` da`slep wo`z minnetleme ha`m wazi'ypalari'n duri's an`lap jetiwi tiyis. Wonda kamolatshi'lar mektep ha`m klasstag`i' sho`lkemlerdin` ja`miyetlik iskerligin ha`m ha`weskerligin xoshametlew yeger mektep basshi'lari' ha`m pedagoglar ja`ma`a`ti, kamolat jaslar ha`reketi baslang`i'sh sho`lkeminin` ja`miyetlik siyasiy ha`m belsendilik ha`reketin teren` an`lap jetken bolsa, mektep kamolatshi'lari' huqi'qlari'n hu`rmet yetse, kamolat ja`miyetlik ha`reketi baslang`i'sh sho`lkemi ha`m woqi'wshi'lardi'n` wo`zin - wo`zi basqari'wi'n saylap qoyi'latug`i'n organlardi'n` mektep woqi'ti'wshi'lari' ha`m klass basshi'lari', mektep, ata-analar komiteti menen ani'q sho`lkemlestiriwdin` birge islesiwin ta`miyinlese, wol kamolatshi'lar belsendiligin ha`m ha`weskerligin rawajlandi'ri'wdi'n` na`tiyjeli da`lili boli'p sanaladi'.

Sonli'qtan mektep direktori' ta`lim-ta`rbiya isleriboyi'nsha direktor wori'nbasari' klasstan ha`m mektepten ti'sqari' ta`rbiyali'q isler sho`lkemlestiriwi menen jumi'slari'n rejelestiriwdi, woqi'ti'wshi'lar ha`m ata-analardi', ma`ha`lleni ha`r qi'yli' woqi'wshi'lardi' tarti'wda kamolat jaslar ha`reketi baslang`i'sh sho`lkemi ag`zalari'nan saylap qoyi'latug`i'n organlari'na ja`rdem beredi.

Wolar woqi'wshi'lardi'n` qanday baslamashi'li'q tiykari'ndag`i' jumi'slardi' qollap - quwatlaydi'. Jaslar sho`lkemi woqi'wshi'lardi'n` wo`zin yaki basqari'w organlari' menen birgeliktegi jumi'slari'n jolg`a qoyi'wda ko`meklesedi. Klass basshi'lari', woqi'wshi'lardi'n` ani'q jumi's-lari'n tayarlaw ha`m wo`tkeriwde, klass ja`ma`a`tlerinde principial ma`ha`lle pikirlerin qa`liplestiriwde ko`rsetetug`i'n pedagogikali'q ja`rdemi u`lken.

Mektep ha`m klass ma`jlislerinde ani'q ku`ndelik jumi's mazmuni' ha`m formalari'na baylani'sli'.[12]

Ma`selelerdin` sheshimin tabi'wda ideyali'q, ta`rbiyali'q iske, woqi'wshi'lardi'n` joqari' ideyali' ma`nawiy ta`rbiyali', woqi'wg`a, miynetke, ja`ma`a`t mu`lkine sanali' mu`nasibet ha`m is birligi ruwxi'nda ta`rbiyalawg`a ma`mleket puqaralari'ni'n` ja`ma`a`tshilik insandi' suyiwshilik, belsendi ha`m a`meliy a`dep-ikramli'qti' qa`liplestiriwde u`lken wori'n beriledi.

Mektep kamolat ha`reketi klass sho`lkemi ma`jilis wo`tkeriw haqqi'nda qarar qabi'llap, woni' tayarlaw rejesin du`zedi. Bunday waqi'tlarda beriletug`i'n pedagogikali'q ma`sla`ha`t ma`jilis ku`ni ta`rtibi temasi' ha`m ma`jilisti ali'p bari'wshi' ha`m so`zge shi'g`i'wshi'lardi' ma`jilisti wo`tkeriw waqti' ha`m worni'n sho`lkemlestiriwshi miymanlardi' mira`t yetiw, dizimge ali'w, na`wbetshilik, zaldi' bezetiw ushi'n wori'nlawshi' juwapkerlerdi ani'q belgilep ali'w kerek.

Bunday rejeni mektep basshi'lari' menen kelisip ali'p, kelesi ma`jilis ta`rtibi, wonda baslawi'sh klasslar ushi'n qanday wazi'ypalar bar yekenliginen xabardar yetiw kerek.

Klass basshi'lari'ni'n` kamolat aktivlerine pedagogikali'q ja`rdem ko`rsetiw wog`ada za`ru`r. Sebebi mektep woqi'wshi'lari'na wo`zine ta`n ha`m jas wo`zgesheligin wo`z klass ja`ma`a`tinin` wo`zine ta`n aktivlerin haqi'yqi'y imkaniyatlari'n, ha`r bir woqi'wshi' woqi'w ji'li' dawami'nda ha`r bir klass ha`m mektep aldi'nda turg`an ta`lim - ta`rbiya waziypalari'n jaqsi' biledi.

Wo`z waqti'nda pedagogikali'q ma`sla`ha`t wo`tkeriw jeke kompleks rejelerinde wo`z sheberligin asi'ri'w, woqi'w islerin ku`sheyttiriw, wo`zlerinin` minez-qulqi'n woqi'w - ta`rbiya jo`nelisinde jaqsi'lap bari'w, miynetti hu`rmetlew, ja`miyetlik ha`r qanday jumi'sqa belsene qatnasi'w

[12] Xudayqulov J, Qunduzova N.R. Tarbiyaviy ishlar metodikasi (o'quv –uslubiy qo'llanma) Toshkent, 2007. 75-bet.

si'yaqli' uli'wmali'q ta`jiriybelerden qashi'w, wo`zin - wo`zi ta`rbiya-lawdi'n` toli'q ha`m jeke ta`rtiptegi bag`darlamasi'nan juwapkerlik penen mu`na`sibette boli'w tiyis.

Kamolat baslawi'sh sho`lkeminin` baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen ali'p baratug`i'n jumi's tu`rinde to`mendegishe qatan` wazi'ypalar bar yekenligin atap wo`tiwimizge boladi'. Bunda kamolat sho`lkemi ji'ynali'slari'nda woni'n` jetekshilerinin` wori'nlap ati'rg`an jumi'slari' boyi'nsha yesabatlari' tan`lanadi' ha`m bahalanadi'.

Baslang`i'sh sho`lkeminin` keyingi ji'ldag`i' iskerliginin` tiykarg`i' jo`nelisleri belgilenedi.

Yeger kamolat sho`lkemi ag`zalari' sani' ju`zden artqan waqi'tta keminde yeki adamnan ibarat baslang`i'sh sholkem ken`esi saylanadi'.

Kamolat sho`lkemi wo`z ma`jilislerin yeki ayda keminde bir ma`rte wo`tkeredi.

Kamolat sho`lkemi ken`esinin` wazi'ypalari' to`mendegilerden ibarat:

- wo`z ji'ynali'slari'nda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' ma`pi ushi'n arnalg`an wazi'ypalardi' da dodalaw:

- kamolatshi'lar arasi'nda wazi'ypalar bo`listiriw;

«Kamolat» ja`miyetlik jaslar xi'zmetindegi ja`ne bir basli' di'qkat awdaratug`i'n ha`m qollap - quwatlaytug`i'n ta`repi – bul wolardi'n` a`sirese baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` bos waqi'tlari'n mazmunli', ta`sirliyetip wo`tkeriw ushi'n arnalg`an is ilajlardi' sho`lkemlestiriwi boli'p tabi'ladi'.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` bos waqi'tlari'n mazmunli' wotkeriw arqali' bolsa wolardi'n` do`retiwshilik qa'biletine, sana - sezimin, ma`na`wiy ta`rbiyasi'n da asi'ri'wg`a u`les qosadi'.

Bul wo`z gezeginde, ta`lim - tarbiya, woqi'ti'wdi'n` ha`m balalardi'n` wo`z betinshe do`retiwshiliginin` birligi principin a`melge asi'ri'w bari'si'nda ju`zege keledi.

Demek, woqi’ti’w bari’si’nda bilimdi meng`erip, wo`z betinshe ta`jiriybe ha`m uqi’pli’li’q artti’ri’p g`ana qoymastan, al balada alg`an bilimin wo`z betinshe ha`r qi’yli’ ha`reketlerde (aynala du`n`ya menen tani’si’wda, ko`lem, zatlardi’n` tu`ri, ken`eslik haqqi’nda tu`siniklerdi u`yreniwde, gu`rrin` du`ziwde) ha`m basqa da ha`reketlerdin` tu`rlerinde iske asi’ri’wda qollani’li’w ko`nlikpeleri payda boladi’.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` do`retiwshilik qa`biyletliliginin` wo`siwi ta`rbiyashi’ni’n` jumi’sti’ duri’s ali’p bari’w uqi’bi’na baylni’sl.

Bul ushi’n docent G. Jumasheva do`retiwshilik qa`bilettiw o`siriwde jumi’sti’n` ha`r qi’yli’ tu`rlerin sho`lkemlestriwdin` wog`ada a`hmiyetliligin atap ko`rsetip, woni’ to`mendegishe tu`rlerge bo`lip u`yrengen:

1. «Woqi’wshi’larg`a kompleksli sabaqlar wo`tiw, bunday sabaq temani’ ha`m maqset wazi’ypalardi’ (su`wretlew, muzi’ka, miynet, woyi’n ha`m t.b) ani’q ashi’p beriw:

2. Ha`r qi’yli’ tu`rdegi jari’slar «Ziyrekler, shaqqanlar klubi’», «A`jayi’p maydansha», «Ne, qay jerde, qashan:», «Aqi’li’y hu`jim» saxnalasti’ri’lg`an ko`rinisler, stol u`sti, quwi’rshaq teatrlari’ arqali’:

3. Yen` jaqsi’ ha`m mazmunli’ ayti’lg`an gu`rrin` yamasa sali’ng`an su`wret, ta`biyiy zatlardan paydalani’p, ha`r tu`rli buyi’mlar, atap aytqanda, woyi’nshi’qlar t.b. islep u`yretiw, yen` jaqsi’ atqari’lg`an qosi’q, taqmaq, ba`yitlerin ha`m t. b ilajlardi’ wo`tkeriw»[13]

«Kamolat» sho`lkemi ta`repinen sho`lkemlestirilgen usi’ si’yaqli’ ilajlarda woqi’wshi’ jaslardi’n` do`retiwshilik qa`biletin rawajlandi’ri’w menen birgelikte, wolardi’ dosli’qqa, tati’wli’qqa, miynet su`yiwshilikke, ja`ma`a`tshilikke, ja`miyetlik jumi’slarg`a qatnasi’yag`a da qi’zi’g`i’w-shi’li’g`i’n artti’ri’w mu`mkin. Sebebi baslawi’sh klasslarda woqi’ytug`i’n woqi’wshi’lar ushi’n ata - analar yaki pedagoglar tek teoriyali’q bilim ali’wi’n birinshi maqset yetip qoymastan, al a`meliy iskerligine, bos waqti’n

[13] Jumasheva G. Balalardi’n` do`retiwshilik qa`biletliligin rawajlandi’ri’w// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 216-218-betler.

mazmunli' wo`tkeriwge de di'qqat awdari'w tiyis. Buni'n ushi'n geypara woqi'wshi'lardi'n` wo`z u`stinde islewi ushi'n wolardi'n` sha`rayatlari'n da u`yreniw lazi'm.

Bos waqi'ttan duri's paydalani'w ushi'n bolsa baslawi'sh klass woqi'wshi'si' ku`nlik r ejimdi duri's saqlawi' tiyis. Solardan kelip shi'qqan halda bolsa, wolardi'n` kunlik rejimin du`ziw maqsetke muwapi'q.

Ku`nlik rejim –bul woqi'wshi'lardi'n` bir sutka dawami'nda isleytug`i'n hareketleri, soni'n` ishinde dem ali'wi'ni'n` da izbe-izlik ta`rtibi. Uli'wma bos waqi't degende, adamlardi'n` wo`z-wo`zine xi'zmet yetiwi qi'latug`i'n waqti' tu`siniledi.

Yeger de wol adamni'n` uqi'plari'n rawajlandi'ri'w ma`plerinde ha`m soni'n` menen birge pu`tkil ja`miyettin` materialli'q ha`m ruwxi'y bayli'g`i'n da ko`beytiw ushi'n paydalani'lg`an waqi'tta g`ana wol ja`miyetlik bayli'q boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan wonnan tejemli paydalana biliw u`lken ta`rbiyali'q a`hmiyetke iye. Sonli'qtan «Kamolat» ja`miyetlik jaslar ha`reketinin` baslamasi' menen woqi'wshi'lardi'n` bos waqi'tlari'n duri's, aqi'lg`a sa`ykes wo`tkeriw ushi'n ha`r tu`rli mazmundag`i' sport jari'slari' (mi'sali', wolardan shaxmat –shashka, kim juwi'rg`i'sh, quwnaqlar ha`m ziyrekler woyi'nlari') ha`m t.b.

Jas kitapqumarlar jari'slari', saxnalasti'ri'lg`an ko`rinislerge qatnasti'ri'w ham basqa da ilajlar woqi'wshi'larda miynet su`yiwshilikti, Watang`a, ata - anag`a degen muhabbatti' artti'radi' ha`m kamolatshi'-lardi'n` hareketlerine bolg`an u`lken qi'zi'g`i'wshi'li'qti' da payda yetedi. Mi'sali', professor B.Azizov ta baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` bos waqi'tlari'n, a`sirese kamolatshi'lar ta`repinen duri's sho`lkemlestiriwin qollap - quwatlaydi' ham tomendegishe pikirlerdi bildiredi:

«Bala birinshi klassqa kelgen ku`nnen baslap - aq ja`miyetlik ta`jiriybeni wo`zlestire baslaydi'. Baslawi'sh ta`lim sintetikali'q iskerlikke tiykarlang`an boli'p, wog`an boysi'ni'wda woqi'wshi'lardi'n` du`n`ya qarasi' (barli'q woqi'w predmetlerine baylani'sli' bilimler) a`dep-ikramli'li'q,

ja`miyetlik –siyasiy iskerlik tiykarlari’n iyelep aladi’. Woqi’wshi’ 3-4-klasslarg`a wo`tken sayi’n bul iskerlik tiykarlari’n u`yretiw analitikali’q xarakterge iye bola baslaydi’.

Yeger baslawi’sh klasslarda woqi’wshi’ni’n` iskerliginin` barli’q tu`rleri baslawi’sh mag`li’wmat tiykari’nda ja`mlense, ha`r qi’yli’ ka`siplerdi u`yreniwden sol ka`siplerge beyimlilik, qi’zi’g`i’wshi’li’q woyanadi’».[14]

Haqi’yqati’nda da, baslawi’sh klasslarda, klasstan ti’s islerde «Kamolat» sho`lkemi arqali’ sho`lkemlestirilgen ha`r tu`rli mazmundapg`i’ is-ilajlar arqali’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na ta`rbiya tu`rlerin berip g`ana qoymastan keleshekte belgili ka`sip iyesi boli’wi’ ushi’n da wolardi’ duri’s bag`darlaw, qi’zi’g`i’wshi’li’q intasi’n artti’ri’w mu`mkin.

Bizin`she, usi’ si’yaqli’ «Kamolat» sho`lkemi ta`repinen sho`lkem-lestrilgen ilajlarda milliy ta`rbiya, qa`diriyatlarg`a bolg`an hu`rmet da`slepki wori’nda turi’w kerek. Sebebi ha`r bir ja`miyettin’ wo`zine ta`n tutqan joli’, ta`rbiya maqsetleri bar.

Qaraqalpaq xalqi’na ta`n milliy wo`zgeshelikler, woni’n` milliy ma`deniyati’ ha`m de turmi’s qa`lpi, uli’wma wo`sip kiyati’rg`an a`wladti’ adamgershilik qag`i’ydalari’n boyi’na sin`dirgen adam si’pati’nda ta`rbiyalawda ko`p g`a`na a`sirler boyi’ qollani’lgan usi’llar, u`rp - a`detler, tu`siniklerin xali’q pedagogikasi’ni’n` negizleri dep bahalawg`a boladi’. Sebebi ta`rbiya ha`r qanday ja`miyettin` rawajlani’wi’nda, alg`a ilgerilewinde salmaqli’ wori’ndi’ iyeleytug`i’n tu`sinik.

Ta`lim - ta`rbiya ma`seleleri birgelikte ali’p bari’lg`an jag`daylarg`a belgili na`tiyjelerge, tabi’slarg`a yerisiwge tyikar sali’nadi’ dep yesaplaymi’z. Uli’wma xali’q do`retpelerinde woni’n` milliylik wozgesheligi ko`zge taslanadi’. Mi’sali’, yerteklerde, jumbaqlarda, naqi’l - maqallarda, an`i’zlarda

---

[14] Azizov B. Boshlang`ich sinflarda bolalar ijodkorligin tarbiyalash imkoniyatlari// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 233-234-betler.

xalqi'mi'zdi'n` ta`rbiya haqqi'ndag`i' pikirleri, pedagogikali'q ma`deniyati' sa`wlelenedi.

Milliylik ruwhi'nda ta`rbiyalang`an jas wo`spirim, baslawi'sh klass woqi'wshi'si' da keleshekte ja`miyet ushi'n paydasi' tiyetug`i'n adam si'pati'nda qa`liplesedi dep isenimli tu`rde ayta alami'z.

Mi'sali', «Kamolat» sho`lkemi ta`repinen sho`lkemlestiriletug`i'n is-ilajlarda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na naqi'l-maqallar ayti'si'p jari'sti'ri'w da wo`z na`tiyjesin beredi.

Birinshiden, bunda naqi'l - maqallar balani'n` yadi'nda qaladi' ha`m yestne saqlaw qabileti ken`eyedi;

Yekinshiden, naqi'l-maqallar mazmuni'na tu`sinik, wo`ziislegen qa`telikti du`zetiwge uri'nadi'.

U`shinshiden, Woni'n` ma`nisin ug`i'ng`an bala da, basqalar da duri's jolg`a bag`darlaydi'.

Mi'sali':

Bilimi ku`shli birdi ji'g`adi',
Bilimi ku`shli mi'n`di' ji'g`adi'.

Xi'zmet yetsen` millet yetpe.

Jalqawdi'n` ku`ni–xorli'q.

Jati'p isher jalqaw boladi'.

Woqi'y bersen` –ko`zin` ashi'lar,
Jata bersen` uyqi' basar.

Xali'q awi'zeki do`retpelerinde balalarg`a tikkeley ayti'lg`an naqi'l-maqallardi'n` usi' si'yaqli' teren` mazmunli', qubi'lmali' boli'wi'ni'n` ta`rbiya ushi'n worni' salmaqli'.

«Kamolat» sho`lkemi baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n milliy ta`rbiyalawg`a arnalg`an is-ilajlarda xali'q pedagogikasi'ni'n` ta`siri u`lken.

Bunday mazmundag`i' ilajlarda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' ushi'n ta`rbiya qurallari'nan:

-naqi'l-maqallar;

- salt-da`stu`r qosi'qlari';

- jumbaqlar arqali';

- til wo`siriwde duri's, ani'q so`ylewge bag`darlaytug`i'n jan`i'ltpashlar arqali'.

- yertekler;

- terme - tolg`awlar;

- xali'q i'ri'mlari';

- da`stanlar;

- an`i'z - a`psana, ra`wiyatlar;

- Xali'qli'q milliy buyi'mlardan paydalani'w arqali';

- Milliy bayramlar arqali' ta`rbiyalaw woqi'wshi' jaslardi'n` ja`n-jaqlama ta`rbiyalani'wi' ushi'n derek wazi'ypasi'n wo`teydi.

Bizin`she, usi' si'yaqli' «Kamolat» sho`lkemi ta`repinen sho`lkem-lestirilgen is - ilajlardi' ata-analar da qollap - quwatlawi' kerek yag`ni'y biypa`rwa qaramawi' kerek. Sebebi har qanday shan`araqta ta`rbiyani'n` sag`asi'na tiykar sali'nadi'.

Xalqi'mi'zdi'n` yen` joqari' qa`diriyatlari'nan birisonda, wolar wo`zinin` jeke turmi'si' haqqi'nda g`ana tolg`ani'p qalmastan, wo`zgeler ta`shwishi menen de jasaydi'. Bunda «Kamolat» ta`repinen ta`rbiyali'q mazmun bir neshe negizlerge tiykarlanadi'. Bul negizi:

- uli'wma insani'yli'q qa`diriyatlarga sadi'qli'q;

- xalqi'mi'zdi'n` ruwhi'y miyrasi'n bekkemlew ha`m rawajlandi'ri'w:

- insanni'n` wo`z imkaniyatlari'n yerkin ko`rsete biliwi, watan su`yiwshilik;

Watan su`yiwshilik – bul baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` wo`z ana jerine muhabbati', woni' su`yiw, shan`arag`i'n, ata-anasi'n qa`dirlep-qa`sterlew;

Watan su`yiwshilik –ken` tu`sinik boli'p, bul ana Watan, G`arezsiz O`zbekistan tu`siniklerin wo`z sanasi'na sin`diriw ha`m wog`an sadi'q boli'wg`a umti'li'w.

Watan su`yiwshilik –degende bul da`stu`rlerge, ana tilge, ma`deniyati'na muhabbat ha`m hu`rmet penen qaraw, woni' rawajlandi'ri'wg`a u`les qosi'w, woni'n` haqi'yqi'y jan ku`yeri boli'w degen tu`siniklerden yesaplanadi'.

Milliy qa`diriyatlar – bul yen` da`slep shan`araqtan baslanadi'. Bunda ata - ana basli' ta`rbiyashi' boli'p, perzentlerine a`wladlari'mi'z tariyxi', wolardi'n` qaharmanli'g`i' haqqi'nda ayti'p bari'wi', sol tiykarda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' qa`lbinde watan sezimin woyati'w lazi'm.

«Kamolat» ta`repinen baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'lari'n arasi'nda sho`lkemlestirilgen is-ilajlarda wolardi'n` ja`rdemi menen saxnalasti'ri'lg`an ko`rinislerde, milliy tariyxi'y qa`diriyatlar, milliy sana, millet tu`sinigin sin`dirip bari'w tiyis. Bul arqali' bolsa woqi'wshi'larda wo`z milleti menen maqtani'w si'yaqli' sezimler qa`liplesip baradi'. Balali'qta saxnag`a sin`dirilgen watan su`yiwshilik sezimin hesh kim tarti'p ala alamaydi'. Sol sebepten ata-analar balalari'n shan`araqta milliy qa`diriyatlar tiykari'nda Watan su`yiwshilik seziminde ta`rbiyalawdi'n` emocional` jollari' u`stinde islewi kerek. Bunday ilajlarda a`sirese, miymandosli'q, insani'y pazi'yletlerdin` sa`wleleniwi woqi'wshi'larda da u`lken qi'zi'g`i'wshi'li'q sezimlerin payda yetedi. Usi'nday ilajlardi'n` biri baslawsh klasslar menen sho`lkemlestiriletug`i'n «Du`n`ya –balalar na`zerinde» su`wret sali'w jari'si'. Woni' ta`biyat qoyni'nda da su`wret sali'w (boyaw t.b) ushi'n imkaniyat jarati'p, (stol, qa`lem, qag`az, boyaw t.b.) ) ha`m u`lken asfal`tlarg`a ren`li porlar menen de su`wret sali'w jari'slari'n wo`tkeriw arqali' da balalardi'n` sana-sezimi a`ste -aqri'n qa`liplesip baradi'.

Al bunday tan`lawlarda jen`impazlar Kamolat sho`lkemi belsendileri arqali' ata-analari', ustazlari', ma`ha`lle aqsaqallari'ni'n` qatnasi'wi'nda si'yli'qlani'wi' kerek.

# JUWMAQ

Respublikami'zda milliy g`a`rezsizligimizdi bekkemlew ten` huqi'qli' ha`m puqarali'q ja`miyetti quri'w si'yaqli' a`hmiyetli ma`selelerdin` de iske asi'ri'li'wi' kamolat ha`reketinin` de bul iske jedel qatnasi'wi'nda a`melge asi'ri'lmaqta.

Ha`r bir yel, ha`r bir hu`kimet wo`zinin` jer asti', jer u`stibayli'qlari', mu`mkinshiligi menen g`ana abi'rayli' ha`m qu`diretli yemes, al birinshi na`wbette wo`z elinin` joqari' ma`deniyati', ruwxi'yli'g`i', sawatli'li'g`i', soni'n` na`tiyjesinde joqari' mazmunli'li'g`i' menen ku`shli ha`m qu`diretli. Sebebi bul atap wo`tilgen pazi'yletler millettin` ha`m adamni'n` qa`dir - qi'mbati'n, yeldin` patriotizimin xali'qti'n` awi'z birshiligi menen milliy maqtani'shi'n qa`liplestiredi ha`m bekkemleydi. Sonli'qtan da yelimizde g`a`rezsizliktin` birinshi ku`ninen baslap-aq ulli' ruwxi'yli'g`i'mi'zdi' qayta tiklew ha`m rawajlandi'ri'w, milliy ta`lim - ta`rbiya woni' jetilistiriw, woni'n` millliy tiykari'n bekkemlew menen bir qatarda du`n`yali'q standart da`rejesine ko`teriw, solay yetip jan`alani'w talabi'na sa`ykes is ali'p bari'w jolg`a qoyi'ldi'. Buni'n` tiykari' jas a`wladti' baslawi'sh klass payti'nan-aq milliy qa`siyetlerimizge ta`n bolg`an salamat, sipayi', si'mbatli' yetip ta`rbiyalaw ushi'n ha`r ta`repleme g`amxorli'q ko`rsetiw za`ru`r.

Bizin` pitkeriw qaniygelik jumi'si'mi'zdi'n` temasi': «Baslawi'sh bilimlendiriwde woqi'ti'wshi'lardi'n` kamolat sho`lkemine qi'zi'g`i'w-shi'li'qlari'n jedellestiriw ma`seleleri» dep ataladi'.

Jumi's quri'li'si' boyi'nsha woni'n` uli'wma si'patlamasi'nan, kirisiw, I – II – III baplarda paydalani'lg`an a`debiyatlar diziminen turadi'.

Jumi'sti'n` uli'wma si'patlamasi' bo`liminde, temani'n` aktualli'g`i', maqseti, wazi'ypalari', ilimiy jan`ali'g`i', ob`ekti, predmeti ha`m basqa da ma`seleler so`z yetildi.

Kirisiw bo`liminde G`a`rezsiz O`zbekistan Respublikasi’nda Bilimlendiriw sistemasi’ndag`i’ tu`pkilikli wo`zgerisler ta`lim ha`m ta`rbiyag`a itibar ma`selesi so`z yetildi.

Ja`miyetlik - siyasiy wo`zgerislerinin` biri- bul baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na sanali’ ta`lim ha`m ta`rbiya isinde ja`miyetlik sho`lkem-ler, ma`ha`lle, wortali’q, shan`araq, mekteptin` birgelikte jumi’s ali’p bari’wi’ belgili ha`m unamli’ na`tiyjele r ku`tiwge tiykar boladi’.

Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’nda baslawi’sh klass woqi’wshi’lar ta`rbiyasi’na kamolat sho`lkemi ha`m woni’n` ta`lim - ta`rbiyada worni’ pedagogikali’q a`hmiyetli ta`replerine di’qqat yetildi.

I- bap «Baslawi’sh bilimlendiriwde «Kamolat» sho`lkeminin` pedagogikali’q a`hmiyeti» dep ataladi’. Wol bap wo`z ishinde yeki bo`limnen turadi’. Birinshi bapti’n` birinshi bo`limi «Kamolat sho`lkemi haqqi’nda tu`sinik», yekinshi bo`limi «Kamolat sho`lkeminin` du`ziliwi-da`wir talabi’» dep ataladi’.

Kamolat sho`lkemin - ka`mil insanlardi’ ta`rbiyalawdag`i’ yen` tiykarg`i’ ta`rbiya dereklerinen biri si’pati’nda qarasti’ri’wg`a toli’q xaqi’mi’z bar.

«Kamolat» so`zi tiykari’nan arab tillik so`z bolap bul jetiklik yamasa jetiklik haqqi’nda degendi an`latadi’.

2001-ji’li’ ma`mleketimizde jaslardi’n` birlestiretug`i’n wolar menen tikkeley jumi’s ali’p baratug`i’n kamolat jaslar ja`miyetlik ha`reketi menen birge «Kamalak» balalar sho`lkemi du`zildi.

Bul sho`lkemnin` tiykarg`i’ maqsetiwo`sip kiyati’rg`an jas a`wladti’ birlestiriw ja`mlestiriw, wolardi’ salamat turmi’s talaplari’ tiykari’nda ta`rbiyala ja`miyetimizde wo`z ilayi’qli’ worni’n iyelewine ko`mekle-siwden ibarat.

Kamolat sho`lkemi- bul wo`z wazi’ypalari’ boyi’nsha ta`lim ha`m ta`rbiya isin yele de jaqsi’law ushi’n ha`reket yetetug`i’n sho`lkem.

Kamolat ha`m kamalak sho`lkemleri- bul shi’n ma`nisinde jaslardi’ wo`zinde birlestire alatug`i’n sho`lkem.

Mektep jasi'ndag`i' woqi'wshi'lardi'n` bos waqi'tlari'n mazmunli' wo`tkeriw, wolardi' salamat turmi's talaplari' qa`lpi talaplari' tiykari'nda ta`rbiyalaw, ha`r qi'yli' unamsi'z illetlerge kirip ketiwinin` aldi'n ali'w maqsetinde ha`rekettin` tiykarg`i' bag`darlari'n toli'q a`melge asi'ri'w ushi'n harekettin` baslang`i'sh sho`lkemleri, rayonli'q, qalali'q bo`limleri jani'nan bu`gingi ku`nge kelip «Miyirim sha`pa`a`t», «Shaxmat shashka», «Voleyvol», «Basketbol» siyaqli' klub ha`m sekciyalari' du`zilip, wog`an qi'zi'g`i'wshi' baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na imkaniyatlar jarati'lg`an.

II. Bap. ««Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` «Kamolat» sho`lkemine qi'zi'g`i'wshi'li'g`i'n artti'ri'w ma`seleleri dep ataladi'. Bul bap u`sh bo`limnen turadi'.

Birinshi bo`lim «Kamolat sho`lkeminin` manawi'y wazi'ypasi'» dep ataladi'. Wo`zin - wo`zi basqaratug`i'n ma`mleketlik yemes sho`lkem bul O`zbekistan Respublikasi' kamolat jaslar ja`miyetlik ha`reketi.

Woni'n` yen` tiykarg`i' maqsetlerine baslawi'sh klass woqi'wshi'-lari'ni'n` ma`na`wiy ta`rbiyasi'. Yekinshi bapti'n` yekinshi bo`limi «Sho`lkemnin` woqi'wshi'lar qa`biletin qollap - quwatlaw» dep ataladi'.

Kamolat sho`lkeminin` jumi'slari'nda woni'n` aldi'na qoyg`an yen` basli' maqsetleri - bul baslawi'sh klass payti'nan-aq woqi'wshi'lari'ni'n` qabiliyetin ani'qlaw ha`m woni' rawajlandi'ri'w boli'p tabi'ladi'.

Yekinshi bapti'n` u`shinshi bo`limi «Kamolat sho`lkeminin` iskerligi ha`m ta`rbiyali'q a`hmiyeti» dep ataladi'.

Kamolat ha`reketi ag`zalari' ja`miyetlik jumi'slarda basqari'wshi'li'q uqi'pqa iye boli'p g`ana qoymastan, ha`r biri wo`z minnetlerine de iye. Bu`gingi ku`nde kamolat sho`lkemi ta`repinen baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' arasi'nda bir qatar is - ilajlar, ko`rik tan`lawlar wo`kerilip kelinbekte.

Kamolat sho`lkemi ta`repinen ha`r qi'yli' mazmundag`i' ilajlardi'n`, tan`lawlardi'n`, ko`rgizbelerdin` boli'p wo`tiwi, wolardi'n` qa`biletlilerin tan`lawg`a ja`rdem berse, yekinshi ta`repten miynet yetiwine miynet

su`yiwshilikke ta`rbiyalawi'na da wo`z ta`sirin tiygizedi. Bunday tan`lawlar ko`rgizbeler kamolat sho`lkemi jumi'slari'na qi'zi'g`i'wshi'li'q artti'ri'wi' menen birgelikte ma`na`wiy jaqtan ta`rbiyalawi'nda da salmaqli' rol` woynaydi'.

III. Bap. «Kamolat jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` pedagogikali'q iskerligi» dep ataladi'. Bul bap yeki bo`limnen turadi'.

U`shinshi bapti'n` birinshibo`limi «Kamolat ji'ynali'slari'n wo`tkeriwdin` jol-jobasi'» dep ataladi', al yekinshi bo`limi «Kamolat sho`lkemine ag`zali'q ha`m woni'n` iskerligi» dep ataladi'.

Kamolat ji'ynali'slari' - bul wolardi'n` mektep woqi'wshi'lari' uli'wma basalawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen birgelikte ali'p barg`an ta`lim-ta`rbiya jumi'slari'ni'n` bari'si', jag`dayi' menen baylani'sli'.

Kamolatshi'lardi'n` ji'ynali'slari'nda sho`lkemnin` barli'q za`ru`rli jumi'slari'n sheshiw jumi'slari' ko`rip shi'g`i'ladi', basalawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen wo`tkeriletug`i'n ilajlar ma`sla`ha`tlesip ali'nadi'.

Juwmaqlap aytqanda, Kamolat sho`lkemi baslawi'sh klasslar ushi'n ta`lim - ta`rbiya jumi'slari'ni'n` bunnan bi'lay da jaqsi'law ushi'n ta`lim-ta`rbiya deregi boli'p sanaladi'.

Kamolatshi'lar uli'wma insani'y qa`diriyatlarg`a sadi'qli'q, watan su`yiwshilik, miynet su`yiwshilik ha`m basqa` da milliy ta`rbiya tu`rlerin baslawi'sh klass woqi'wshi'lar sanasi'nda qa`liplestiriwde u`lken a`hmiyetke iye, woni'n` pedagogikali'q a`hmiyetliligi ja`n - jaqlama izzertlewdi talap yetedi.

# PAYDALANI’LG`AN A`DEBIYATLAR


1. Karimov I.A «Joqari’ ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» Tashkent, «Ma’naviyat», 2008. 61-bet.

2. Karimov I.A. «Kamolat» jaslari’mi’zdi’n` haqi’yqi’y su`yenishi ha`m tayani’shi’ bolsi’n. Tashkent. «Ma’naviyat», 2002, 18-bet.

3. O`zbekistan Respublikasi’ni’n` Konstituciyasi’. –T. «O’zbekiston», 2003, 38-bet.

4. O`zbekistan Respublikasi’ «Kadrlar tayarlawdi’n` milliy da`stu`ri». Tashkent, 1997.

5. O`zbekistan Respublikasining «Ta’lim tug`risidagi Qonuni». –T. 1997.

6. Aydarova L.I. Detel`nost` shkol`niki. –M. Prosveshenie. 1990. 47-48-bet.

7. Aliev A. Ma’naviyat, qadriyat va qobiliyat. –T. Akademiya. 2000. 631-b.

8. Azizov B. Boshlang`ich sinflarda bolalar ijodkorligin tarbiyalash imkoniyatlari// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 233-234-betler.

9. Alawatdinov S. Kamolat sho`lkeminin` jaslar ta`rbiyasi’ndag`i’ a`hmiyeti// Mug`allim ha`m u`zliksiz bilimlendiriw. No`kis, 2007, 25-27-betler.

10. Azizxwjaeva N.N. Pedagogik mahorat va pedagogik texnologiya. Toshkent, 1995 yil.

11. Jumaboev Y. Hayot mazmuni va komil inson muammosi. Toshkent, Fan, 1997.

12. Jumasheva G. Balalardi’n` do`retiwshilik qa`biletliligin rawajlandi’ri’w// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 216-218-betler.

13. Munavvarov A.K. Pedagogika. Toshkent, 1996.

14. Musurmanova O. O’qituvchilarning ma’naviy madaniyatini shakllantirish. Toshkent, 1993.

15. Muminova N.B. Talaba-jaslardi’n` sabaqtan bos waqi’tlari’n sho`lkemlestiriwde «Kamolat» jaslar sho`lkeminin` a`hmiyeti// Woqi’w wori’nlari’nda do`retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha`m sheshimler konferenciya materiallari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 2009, 37-38-bet.
16. Mahmudov N. Komil inson shaxsiva ijtimoiy tarbiya // Pedagogika mahorat. 2007, 4 –son, 6-10-betlar.
17. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. -Toshkent, O’qituvchi. 1994.
18. Pedagogika. (A. Munavvarov redaktorligida). –T., 1996.
19. Podlasi’y İ.P. Pedagogika. –Moskva, Vlados, 2003.
20. Ìbragimov Ì, Abdullaeva SH. Pedagogika. Toshkent, Fan va texnologiya, 2007.
21.Tursunov I., Nishonalieva U. Pedagogika kursi. Toshkent, 1997, 188-b.
22. Uzbekiston milliy enciklopediyasi. №a`. –T. Qomuslar bosh tahririyati. 2000. 767-bet.
23. G`oziev E. Sinf rahbari ishini tashkil va rivojlantirish. -Toshkent, Universitet, 1997, 127-bet.
24. G`oziev Z E. Psixologiya. Toshkent, Uqituvchi, 1996, 198-bet.
25. Hasanbaev K.I. Uzluksiz ta’lim tizimida tahsil oluvchilarning o’quv timkoniyatlarini aniqlash. _T. Fan, 2005.
26. Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (O’quv qo’llanma) Toshkent, Fan, 2006.
27. Xudayqulov J, Qunduzova N.R. Tarbiyaviy ishlar metodikasi (o’quv – uslubiy qo’llanma) Toshkent, 2007.
28. Hamdamova M. Barkamol avlodni tarbiyalash pedagogik muammo sifatida// Xalq ta’limi, 2010, №6 son, 117-119-betler.

## Mazmuni’

Jumi’sti’n` uli’wma si’patlamasi’…………………………………………….
Kirisiw…………………………………………………………………………..
I Bap. «Baslawi’sh bilimlendiriwde «Kamolat» sho`lkeminin` pedagogikali’q a`hmiyeti……………………………………………………..
1.1. «Kamolat» sho`lkemi haqqi’nda tu`sinik…………………………......
1.2. «Kamolat» sho`lkeminin` du`ziliwi–da`wir talabi’……………………
II Bap. «Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n «Kamolat» sho`lkemine qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’w ma`seleleri…………………………………..
2.1. «Kamolat» sho`lkeminin` ma`na`wiy wazi’ypasi’………………………..
2.2. Sho`lkemnin` woqi’wshi’lar qa`biletin qollap -quwatlawi’……………..
2.3. «Kamolat» sho`lkemi iskerligi ha`m ta`rbiyali’q a`hmiyeti……………..
III.Bap. «Kamolat» jaslar ja`miyetlik ha`reketinin` pedagogikali’q iskerligi…..
3.1.Kamolat ji’ynali’slari’n wo`tkeriwdin` pedagogikali’q jol-jobasi……......
3.2. «Kamolat» sho`lkemine ag`zali’q ha`m woni’n` iskerligi……………...
Juwmaq……………………………………………………………………….
Paydalani’lg`an a`debiyatlar……………………………………………………